


UYE MBEU YAKO ICHATORA SUWO REMUVENGI WAYO

 Ini, sekazhinji, ndinononoka neawa kana 2. Mufundisi vakasimuka, ndokuti, “Zvino, ndinoda kuzivisa kwamuri mose VaBranham vanonoka.” Zvino, ndine zvinhu zvakawanda zvekuita saka ndi—ndinongononoka pano neapo. Asi panguva ino hapana zvandanga ndichikwanisa kuita nezvazvo. Zvanga zviri nekuda kwemamiriro ekunze azviita panguva ino. Ndinogona kuzvirasirira pamamiriro ekunze ndoshairwa mhosva. Ndakatozozvirongera kunguva iri kumberi, Hama Rose, zvishoma. Mangwanani, Hanzvadzi Rose. Uye ndinofara mangwanani ano kuva pano, naHama Rose naHanzvadzi Rose, uye Hama Sharrit, nehama dzakawanda, imi vanhu vakanaka kunze uko.

² Ndinonzwa kuti, mumwe munhu anondiudza, “Kana kuchinaya muPhoenix, munhu wese anongogara mumagumbeze,” shanduko yakadaro, munoziva. Rimwe remazuva ano ndichawana svusvuro yemahara. Vanondiudza kuti unogona kuwana svusvuro yemahara mazuva ese apo zuva risingapenye. Ndiri kuda kuzoritarisa nhasi, ndovaita kuti vaibhadharire.

³ Ndaitaura manheru apfuura, kunze kune imwe chechi. Handichanyatsorangarira zita rayo. Zvino saka takava nenguva yakanaka, manheru apfuura, kunzeko mushumiro. Uye tiri uko kwaHama Outlaw, nekumusoro kuTempe, uye tanga tiri kungova nenguva yakanaka mukuyanana uku. Zvino ndiri kutarisira kusangana nehama dzose idzi dzinoshumira pakonivhenisheni, saka tichava nenguva yekumbotandara, Hama Rose, uye tichikurukurirana. Uye ndizvo zvandauyira, kuti tive nekuyanana. Uye takanga tine . . . takatarisa hurongwa hwedu uye nekuwana nzvimbo dzakawanda kwazvo. Asi ndakafunga kuti uyu waive mukana wakanyanyisa kunaka, nekuti ndinofanira ku—kusangana nevakasiyana-siyana, kuti ndingovaona nekuzopfura.

⁴ Dzimwe nguva mukuparidza, mushumiri wese anotadza kunzwiswa, nechero imwe nzira. Nguva zhinji, vanhu vanotora chimwe chinhu chaunotaura uye vongoita seku . . . Zvinoti rerekerei zvishoma kwavari, saka vanozovitaura nenziira iyoyo. Uyezve anotevera wacho anozvitora, zvakati wedzerei kurereka zvishoma. Chekutanga munoziva, zvinenge zvatove zvimwewo zvisizvo.

⁵ Saka—saka isu, nguva zhinji, mukuparidza, ndinoita

sokunge ndinonyanyira masangano nehurongwa hwemasangano nezvimwe. Imwe nguva, vanhu vanobva vati, “Hama Branham vanopesana nesangano.” Handizvo. Handipesane nesangano. Asi inguva zhinji kwazvo apo vanhu vanongozembera pane sangano iroro, munoono, uye vachiisa tariro dzavo dzose pariri pachinzvimbo chaKristu.

⁶ Vanoda kuona kuti inhengo ngani dzavanogona kuwanira sangano iroro. Zvino, izvozvo zvakanaka kwazvo. Ini—ini... Zvakanaka. Ndinofunga kuti sangano rega-rega rinofanira kuwana nhengo yese yarinogona kuwana. Zvakanakisa chaizvo. Asi kana wasvika pakutara vasina kutendeuka nekusimbirira pane izvozvo kupfuura zvaungaita pakurovedzera pane Mweya Mutsvene, sezvanga zvichitaurwa naHama Rose pano nguva shoma yapfuura, nezvimwe, unobva—unobva waita kuti vanhu vafunge, “Tsu tiri *veiyi*, uye tiri *veiyi*.” Mushure mazvose, tose tiri vaMwari. Maona?

⁷ Zvino, kana ndikaona murume achidzika nerwizi ari muigwa... Zvino ndinogara pedyo nerwizi muIndiana, Rwizi rweOhio, uye ndiri pedyo chaipo nemapopoma acho. Inzvimbo yakaipa kwazvo, mapopoma iwayo, nekuti anokuparadza izvozvi. Kana ukamboenda napamusoro pemapopoma iwayo, hapana igwa rinogona kuadarika, nekuti anongova, mafiti angangoita 40 kana 50 kudzika wakananga zasi chaiko, zvino anobva atanga kutenderera zvikuru kuzasi, uko kwaanorova padombo chaipo, paruware ipapo. Uye ndinofungidzira ma—ma—masaisai, masaisai machena, anodhubuka munyasi memapopoma nemafiti 40 mudenga, munoono, painowira pasi, inoenda mudenga zvakare. Zvino yobva yangokoromoka saizvozvo, uye yodzika zasi ichiyerera zvine simba mafiti angaita 60 kana 70 kudzika. Uye imomo mune chidziva chinotenderera chinotenderedza nenzira *iyi*, uye choiburitsa kunze uye yobva yadzika nemugwara. Hapana kana nzira yekumborarama, munoono.

⁸ Mumwe murume akabva kuno imwe nguva yakapfuura akapfeka bhachi rokuzvichengetedza. Vakangoona chinhu chacho paakadonha, saizvozvo. [Hama Branham vakaridza munwe wavo—Mupepeti] Kunyange bhachi iroro rekuzvichengetedza, mvura ine kumhanya kunotyisa iyoyo yakangobva yamuendesa kuzasi chaiko. Uye havana kuzombomuwana. Havana kumboziva kuti chii chakaitika kwaari. Akaremba pamatombo kana kumucheto zasi mukati imomo, zvichida maira kana 2 ipapo, saizvozvo, uye pasina nzira yokupona nayo.

⁹ Zvino kana ndikaona mumwe munhu achidzika nerwizi ari muigwa diki rakare, akagara ipapo achiverenga, achienderera mberi, uye ndinotanga kudandizira kwaari, “Buda muigwa iro. Igwa iroro harizokwanisi kupfuura nemumasaisai iwayo.” Zvino, hazvisi kuti ndine chandinopesana nacho nemurume

iyeye, kunyangwe ndichifanira kumupopotera uye ndotaura naye zvakasimba chaizvo. Hazvisi kuti ndine chandinopesana nemurume iyeye. Ndinoda murume iyeye, asi ndinoziva kuti achanorovera. Ndicho chikonzero ndichidanidzira kwaari. Nokuti haasi...Imhaka yekuti ndinomuda, ndicho—ndicho chikonzero ndichidanidzira. Dai ndaive ndisina hanya, ndaiti, “Saka, regai zviende,” ndoenda zvangu, munoona, kana ndaisava nehanya naye.

¹⁰ Asi chikonzero ndichitaura zvinhu izvozvo ndechekuti ndine shungu neChechi. Ndi—ndine shungu yaMwari. Uye ndi—ndinovenga kuFona ichingova nepfungwa dzesangano. Uye ndinoziva maitiro iwayo, kuti ndiyo nzira iyo chechi yega-yega yakaenda kumawere, saizvondo chaizvo, ichidzika zasi chaiko nemaitiro iwayo esangano.

¹¹ Chimbofunga nezverumutsiro munguva yemaLutherani, tarisai kwarwakaenda. Uye parwunongosvikorovera ipapo, harwuzomuki zvakare. MaLutherani haana kuzombodzoka. Tarirai maMethodisti aWesley, haana kuzombodzoka. Tarisai maPilgrim Holiness, maNazarene, mamwe ose, maBaptisti, maPresbyteriani. Vakava nerumutsiro, zvino mumwe munhu anobva asimuka aine simba raMwari riri paari, otanga kumwe kufamba muMweya. Zvino murume iyeye paanongoenda, vanobva vaita sangano kubva ipapo.

¹² SeMoody Bible Institute, inzvimbo yakanaka, asi haizombofa yakaita seyaive naMoody. Maona? Nezvinhu izvo Moody akamiririra, zviri mamaira miriyoni kubva pairi, saka hezvoka izvo. Uye zvino zvese ndezvenjere, apo Moody aive nazvo paMweya, munoona. Uye saka iwe—iwe unozviwana, muzvinhu izvozvo.

¹³ Zvino, pandakatanga-tanga, ndikauya kuno kuPhoenix, makore apfuura, mukufamba kwePentekosti, ndakava nemukana wekutanga sangano pachangu. Hama dzeLatter-Rain dzakauya kwandiri, dzikati, “Izvi ndizvo. Ngatitangei. Handiti, tichange tiri—tiri vakakura kupinda vamwe vose.”

¹⁴ Ndikati, “Nhai vedu! Handizvo. Handicho—handicho chinhu chacho, hama. Muri—muri mamaira miriyoni kure—kure nemugwagwa. Mwari havambofa vakazviropafadza.” Verengai nhorondo yenyu. Verengai Bhaibheri. Hapazofi pakava nerimwe sangano rinobuda kubva mazviri, rinobva pane izvi. Ndizvozvo. Izvi zvichaita sanganao uye zvopinda mune... Zvava muchinhano cheRaodhikia zvino. Asi ndichakutaurirai, hama, hakusisina masangano akaropafadzwa naMwari achasimuka. Hapazovi nechii zvacho cheizvi. Tasvika paKuuya kwaShe. Maona? Uye Mwari vachatora vakasara kubva mukufamba kukuru uku kwekanzuru yemachechi, kuri kuitika zvino, kuitira Mwenga, asi hapazombovi nechii zvacho chinova sangano, pamweya, zvakare. Maona? Zvaperera.

¹⁵ Pandinoona hama dzangu, hama dzinokosha, dzakarerekera neikoko, ndinobva ndangozvitaure nesimba rose randinaro. Uye dzimwe nguva hama dzinoti, “Saka, Hama Branham vanopikisana nesu. Tiri . . .” Handizvo. Ini zvangu! Ndicho—ndicho chinhu chiri kuresa nepfungwa dzangu, kunge ndichipikisana nechero munhu. Ndiri—ndiri kurutivi rwenyu. Ndiri hama yenyu, munoona, uye ndichiedza nepandinogonesesa napo. Uye ndicho chikonzero ndisina kumbobvira ndakajoinha sangano chero ripi zvaro, kuti ndigone kumira pamukaha ndoti, “Hama, musadaro. Haisi iyo nzira yacho.”

¹⁶ Vanoti, “Isu tiri veAssemblies.” Zvakaisvonaka. Assemblies of God yanga iri chikomborero chikuru kwandiri. “Tiri veFoursquare.” Zvino, tarisai kuti vanga vari chikomborero chakadini kwandiri. “Tiri veJesus Name.” Tarirai ropafadzo ravanga vari kwandiri. “Tisu *vacho, vamwe*.” Chero vapi zvavo, vose maropafadzo. Ivo—ivo vanhu vaMwari. Maona? Uye vanhu vaMwari vari mazviri zvose.

¹⁷ Uye kana tasvika pakuwadzana pachedu, tichiti, “Tinongori nani zvishoma pano kudarika veChurch of God,” munoona, kana kuti, “Tiri nani zvishoma kudarika veFoursquare kana veJesus’ Name,” kana chimwe chakadaro. Apo isu tiri chete . . . Tinogona kusiyana zvishoma pamafungiro. Tese tikaenda kunodya svusvuro yemasikati nhasi, tose taizatora mapai akasiyana, asi tiri kudya pai zvimwe chetezvo, munoona. Ndiyo pfungwa yacho. Saka pfungwa yacho, ndeyekuti, kana—kana tichingokwanisa kuona kuyanana kwedu. Saka usatange kurerekera kusangano. Rereka wakananga kuKarivhari. Unobva wafa kune zvimwe zvinhu izvi. Maona? Uye ndinotenda . . .

¹⁸ Regai nditaure izvi zvichiri mupfungwa dzangu. Ndinotenda kuti sangano rakaita chikamu chakanaka. Nokuti, pane nguva zhinji, hama, dzakaipa sezvatinovenga kuzvifunga, pave nezvinhu zvakanyuka pakati pedu, nezvimwe zvakadaro, zvange zviri dzidziso dzakatsauka. Uye vanhu vanongotora dzidziso dzakatsauka idzodzo voparadzira vanhu nechero nzira ipi zvayo. Uye boka rehama rinoungana pamwe chete rinova . . . randino . . . Zvandinoreva kubuda sezvavaiita pamazuva ekutanga nemhando dzese dzezvinhu. Uye—uye tichiri nazvo zvose nhasi, munoona, zvichiri kungofamba. Uye vanhu vanogona kuzviunza pamwe chete . . .

¹⁹ Mufananidzo chaiwo wePentekosti, semaonero angu, kana zvasvika pasangano, che—chechi, Hama Pethrus, chechi yeFiladelfia muSweden. Zvino, havana basa kuti imhandoi yedzidziso yaunayo, chero bedzi ichibva muMagwaro. Kana uchida kuzviona nenzira *iyi*, nenzira *iyu*, kana chero chinhu, chero bedzi uchiyanana uye uchirarama hupenyu chaihwo hwakachena hutsvene. Hezvoka izvo. Zvakanaka. Uye kana uchida kutaura kuti Jesu ari kuuya ari pabhiza jena, uye mumwe wacho oti Ari kuuya ari pagore jena, Mutarisire

saizvozvo. Ingoenderera mberi, chero bedzi uchirarama hupenyu hwakanaka hwakachena uye uine kuwadzana. Ndiyo nzira yacho. Ndizvozvo.

²⁰ Izvozvo, saka, zvino, ndicho chikonzero 1, shamwari, ndiri pamwe neboka iri reBusiness Men. Nokuti, ndinoziva kuti mune zvinhu zvakawanda zviriri imomo zvinofanira kutwasanudzwa. Asi ndiro—ndiro rakanakisisa ratinoro. Hongu. Ndizvozvo. Hongu. Pane zvinhu zvakawanda zvandichafanira kutaura. Uye—uye imi, hama dziri pano dzichakuudzai, handizombozengurira kuvaudza. Ndiri pano semuranda waMwari, kuti nditaure Chokwadi. Uye ndinofanira kuzozvipindurira. Ndizvozvo. Hama Rose vakati, “Ndosaka tichikufarirai.” Saka, izvo—izvo, zvino, hatigone... Isu—isu tinofanira kugara neShoko iri. Maona?

²¹ Imwe nguva yapfuura, ndinofunga, makanga murimo... Ndakanga ndiri mhiri kwemakungwa, kana kuti uko kuchitsuwa gore rapera, zvino vaiva nemusangano, zvino dzimwe dzehama dzaiganza mumusangano mukuru uyu mavakanga vaine vanamuzvinabhizimu, vemunyika yose. Uye vakanga vachitaura nezvekuti, “Ndaive nekanzvimbo kadiki zasi pakona. Bhizimu rangu rakanga risina kukanaka. Uye ndakava nenguva inorwadza. Zvino chinhu chekutanga munoziva, nda—ndakauya kuzogamuchira Kristu, uye—uye, oo, ndine zvose zvino.” Zvino, zvakana. Tinozviyemura izvozvo. Zvakana, asi kubudirira hakurevi Kristu nguva dzose. Izvozvo, munoo, uye tinofanira kuzvitarisa. Zvino, zvakana. Maona? Ini... Handina chandinopesana nazvo.

²² Asi ndakaita sekuti tsiurei hama husiku ihwohwo. Takadzika zasi kumotera uko kwaigara chi—chitsama chedu, pamwe naHama Shakarian nesu tose. Ini ndikati, “Zvino,” ndakati, “hama, ndiri kuzokuudzai.” Ndakati, “Ndi—ndinofunga kuti imi hama ndimi boka rakanakisa revarume randati ndambosangana nare, muhupenyu hwangu. Asi,” ndikati, “nyaya yacho ndeyekuti,” ndakati... .

²³ Handisi wechero sangano ripi zvaro, asi ndiri weruwadzano irworwo navo. Ndinotakura kadhi rokuwadzana navo, kadhi roga randinotakura, nokuti rinomiririra masangano ose, munoo. Uye ndizvo zvandinofarira. Ndizvo zvandiri kushingairira.

²⁴ “Asi,” ndakati, “chinhu chinondinetsa, chekuti imi hama muri pamberi pevarume vaye zasi uko, vakapfuma zvakapetwa chiuru kupfuura zvamuri, uye mochibva maedza kuvaudza kuti Kristu kubudirira. Musamboedza kuvatengesera izvozvo.” Maona?

²⁵ Musamboedza kuzvienzanisa nenyika. Regai nyika iuye munharaunda dzedu. Musaenda munharaunda yavo. Maona? Maona? Mukaenda munharaunda yavo, hatimbofe takavaima

sezvavari. Mushure mazvo hazvo, Vhangeri harivaime; rinobwinya. Hollywood inovaima. Vhangeri rinobwinya. Pane musiyano mukuru pakati pekubwinya nekuvaima.

²⁶ Uye saka, zvino, zvino ndakati, “Hama dzePentekosti dzepamavambo dzainge dziine chimwe chinhu, dzakaedza kuchibvisa, ndokupa varombo zvokudya, nezvimwe zvakadaro, ndokubuda vasina chinhu, munoono, kunoparidza Evhangeri, kuti vawadzane.” Ndakati, “Zvino tiri kuedza kuganza kuti tine zvakawanda zvakadini.” Ndikati, “Musiyano wakadini!”

²⁷ Zvino imwe hama diki inokosha, mushure menguva shoma yakasimuka, ikati kwandiri, ikati, “Hama Branham, ndiko kwaive kumwe kukanganisa kukuru vanhu ava kwavakamboita.”

²⁸ Ini ndikati, “Zvino, tarisai, hama, ndanga ndisiri kuedza kunyeurira vanhu kuti vatengese zvanazvo. Asi ndiri kungoedza kuratidza imwe pfungwa kuna vanamuzvinabhizimu ava.”

Akati, “Ndiko kwaiva kukanganisa kukurusa, kwevanhu.”

²⁹ Ndikati, “Vakaita izvozvo neMweya Mutsvene. Mweya Mutsvene wakavaudza kuti vaite izvozvo.” Mweya Mutsvene ukauudza chero ani zvake kuti aite chero chinhu, iwe ita zvaUnokuudza kuti uite.

³⁰ Zvino akati, “Zvino, kwaive kukanganisa kwakaipisisa kwakamboitwa nechechi.”

³¹ Ndikati, “Sei, hama?” Uye ipapo chaipo pamberi pemurume wandanga ndiri kutaura naye.

³² Akati, “Nokuti, pakangomuka bopoto duku muhechi imomo, pakanga paine musiyano pakati pemaGiriki neva—nevaHebheru, nezvimwe zvakadaro,” akati, “vanhu ivavo vakanga vasina kwekuenda. Vakanga vasina kana kumba kwekudzokera kwakuri.”

Ndikati, “Ndiko kwaive chaiko kuda kwaMwari.”

Akati, “Ikoko kungava sei kuda kwaMwari?”

³³ Ndikati, “Vakaenda kwese-kwese, vachiparadzira Evhangeri, nokuti vakanga vasina kwekuenda.”

³⁴ Mweya Mutsvene haumbokanganisa. Hautongozviiti. Ndizvo zvoga. Uye sezvandaitaura manheru apfuura, unofanira kungobata Mwari, uye wobata paShoko raVo, wobatirira paRiri chaipo. Zvisinei nekwaRinokutungamira, ingoramba uchiRitevera. Ramba uchienda zvakadaro.

³⁵ Asi zvirokwazvo ndiri mu—mutsigiri wekuyanana uku kweveBusiness Men. Uye konivhenisheni yoga-yoga yandinokokwa kwairi, nguva dzose ndinoenda ndonotaura, ndotaura zvose zvandinogona. Kwete kungoedza kugadzira chimwe chinhu chekutaura, chingafadza mumwe munhu,

Nhingi-nhingi. Asi pese pandinoenda kumusangano wangu, ndinoedza kuverenga nekunamata nekutsanya, ndoti, “Ishe Jesu, chii—chii chandingataure chingabatsire vanhu ivavo.”

³⁶ Munhu wose anoziva kuti handisi muparidzi. Handisi mutauri. Ini—ndiri...Chero ani zvake anozviziva. Handisi muparidzi. Mharidzo yangu—yangu ndeyekunamatira vanorwara, nezvimwe zvakadaro. Asi, handisi muparidzi. Chero ani zvake angazviziva izvozvo, akandinzwa ndichiparidza. Asi zvandinotaura, ndinoda kuisa mutsindo mune izvo zvichaita chimwe chinhu.

³⁷ Kwete kuti, “Haasi here mu—mutauri anotaura zvine simba? Haashandise matauriro ake zvakanaka here? Haashamisi papurupiti here?” Handidi izvozvo. Ini—ini handaikwanisa kuzviita. Mwari havana kumbondidanira izvozvo.

³⁸ Asi ndiri kuedza kutsvaga chimwe chinhu chinobatsira munhu iyeye, uye nechechi iyoyo kuti ive chechi iri nani, kuibatsira kuti ive vanhu vari nani, vachiinamatira.

³⁹ Zvino, ndanga ndichitaura sezvizvi nokuti ndaona vanhu vashoma vachiri kupinda, uye kuri kunaya. Ndicho chikonzero ndanga ndichitaura zvinhu izvi. Zvino, quarter past.

⁴⁰ Uye zvino ndinoda kutenda hama. Ndaziva Hama Fuller kwenguva yakareba, ndakagara ndichivada, nepakadzika pemoyo wangu. Uye tine zvinhu zvakawanda zvakafanana, Hama Fuller. Uye saka isu...Ndakaona Hama Fuller zvino kwemakore akawanda, uye ndakavaziva vari munhu waMwari chaiye wechokwadi, uye ndinovada. Zvino ndiri pano mangwanani ano kuzoyanana. Ndine hurombo kwazvo kuti ndakapotsa husiku hwavo pazvakashambadzirwa munzvimbo ino, asi chaive chiri chimwe chinhu chandaisakwanisa kuita nezvacho. Uye ndinofara kuva pano mangwanani ano, ndichiona chechi yavo, yakanaka, kuti Mwari vakavapa kubudirira sei nokubaropafadza. Uye—uye zvose zvaVakavaitira, zvirokwasvo ndinozvitenenda. Dai Mwari varamba vachivaropafadza, nekuropafadza tabhenakeri ino, uye—uye bho—bhodhi rematirastii, madhikoni, nenhengo dzose dzechechi. Uye dai makura nekubudirira munyasha dzaShe, ndiwo munamoto wangu wakaninipa.

⁴¹ Zvino, tisati tasvika kuShoko, ngatiendei kuMunyori wacho, kutanga. Ngatikotamisei misoro yedu kwechinguvana kuti tinamate.

⁴² Tigere zvino takadzikama muHupo hwaMwari, nemisoro yedu nemoyo zvakakotamiswa, pane chikumbiro here mumwoyo mako, chechimwe chinhu icho chauri kushuvira, chaungada kuti Ishe vakupe, kuti ndikurangerire mumunamoto wangu mangwanani ano pano pachechi? Ungaite here kuti chizivikanwe nokusimudza ruoko rwako? Ingochichengeta mupfungwa dzako,

zvachiri. Ishe ngavape mumwe nomumwe wenyu chikumbiro chake.

⁴³ Mwari Baba vane nyasha uye nehutsvene, Vakasika zvinhu zvose kubudikidza naKristu Jesu, kuti vapihwe mbiri yaVo, tinouya muHupo hweNyu mangwanani ano nokutenda pamwoyo wedu. Uye sekutyaira kwataita nemumvura inonaya, uye nemhepo ichivhuvhuta, mvura ichinaya, tinonamata, Baba voKudenga, kuti Mugodururira pamusoro pedu mvura inonaya yeKudenga, mvura yemweya, mvura yekupedzisira nemvura yekutanga, pamwe chete, mumwoyo yedu nhasi.

⁴⁴ Tinonamata, Baba, kuti Muropafadze chechi ino. Tinotenda zvikuru nokuda kwayo, nokuda kwemufundisi wayo, nokuda kweungano yayo, nekuda...nzvimbo iyo vanhu vanogona kusangana vaine denga pamusoro pemisoro yavo uye nechigaro chakanaka chekugarira.

⁴⁵ Tinodzokera mupfungwa dzedu kunhoroondo yeChechi yepamavambo iyi, Chechi yekutanga iyi, yevaapostora, yepasi rose, uye tikaona kuti vaigara sei pahungurubwe dzematombo kana chero chii zvacho pavaigona, kuti vanzwe Shoko raMwari, uyezve vopfugama pasi, uye ipo pachitonhora paine matombo nevhu, uye ipapo vosimudza maoko avo akananga Kudenga vachinakidzwa neHupo hweMweya Mutsvene. Mukavapa kutsunga kwakadaro muhupenyu hwavo kusvikira vaipinda mugomba reshumba, vasingambopfakanyiki, asi nekunyemwerera kuri pachiso chavo, vakatarisa Kudenga, vachiziva kuti, mumaminetsi mashoma, vachange vava muHupo hwaIye waCho wavakada.

⁴⁶ Oo, kutenda kwemadzibaba edu, kuchiri kurarama, zvisinei nejeri repasi, moto nemunondo. Vandudzai matiri, O Ishe, kutenda kwakadaro. Tipeiwo ropafadzo guru rechiapostora reMweya Mutsvene.

⁴⁷ Mumwe nomumwe nhasi ange akasimudza maoko ake, Munoziva zvavanoshuvira, Ishe. Munoziva zvanga zviri kuseri kweruoko irworwo, vavairo nechinangwa zviri mumwoyo imomo. Imi moga munogona kupa zvose zvinodiwa, Ishe. Uye ndinovanyengerera, ndisingazivi chishuvo chavo, asi ndichiisa munyengetero wangu ndichivakumbirira. Semuranda weNyu, ndinonamatira ndakaperera mumwe nemumwe, kuti, chero chii chavakumbira, dai vagamuchira. Varopafadzei, Baba.

⁴⁸ Uye zvino patinoverenga Shoko reNyu, nokudzidzisa kirasi ino yeSunday school, tingati, mangwanani ano, ndinonamata kuti Mutore Mashoko aya uye mubvise kusatenda kwese kubve paVari, Ishe; zvokuti, chero simba zvaro raSatani ringaedza kuputira, ringazoRitadzisa kukura, dai Rapinda mumwoyo wose, uye ipapo rova miti yemichero yekururama, Ishe. Kutenda, kuchiuza izvo zvaMakagadza kuti Shoko reNyu riite, richiti,

“Haringadzokeri kwaNdiri risina chinhu, asi Richaita izvo zvaRakarongerwa.”

⁴⁹ Zvino, Ishe, chenesai muranda weNyu. Shoko reNyu rakatocheneswa kare. Uye, pamwe chete, dai takwanisa kupa boka chikafu iro Mweya Mutsvene wakatipa kuti tidzi—dzidzise. Tinokumbira nemuZita raJesu. Amen.

⁵⁰ Zvino, kwamuri munofarira kuverenga dzimwe nguva, pamwe chete nemha—Mharidzo, ndinga...Ndinokukumbirai, kana mungavhura muBhuku. Zvino ndinongori neMharidzo duku yeSunday school, tingati, kuvanhu mangwanani ano.

⁵¹ Muri kundinzwa zvakanaka here, kwese-kwese, munzvimbo yese? Ndasimudza maikirofoni iyi mudenga. Ndakangoti shoshomei zvishoma. Ini, pandakangodzika zasi kuno, ndakabatwa nedziwa. Dhiyahhore akaedza nepaanogonesesa napo kuti ndisave pano. Handizive. Ndinotenda kuti Mwari zvirokwazvo vachadurura chimwe chinhu chikuru pakonivhenisheni ino nguva ino, nokuti Satani akaita zvose zvaaigna kundidzivisa kuti ndisave mairi.

⁵² Asi zvino tichaverenga kubva muna Genesi, chitsauko 22. Uye imi vachavhura muBhaibheri renyu, ngativerengei chikamu chaRo, pamwe chete. Genesi 22, ngatitangirei pandima 9.

Zvino vakandosvika panzvimbo yaakaudzwa nezvayo naMwari; uye Abrahamama akavakapo artari, ndokuisa huni muhurongwa, ndokusunga Isaka mwanakomana wake, uye akamuisa paartari pamusoro pehuni.

Zvino Abrahamama akatambanudza ruoko rwake, akatora banga kuti abaye mwanakomana wake.

Zvino mutumwa waJEHOVHA wakadanidzira kwaari ari kudenga, uye achiti, Abrahamama, Abrahamama: iye ndokuti, Ndiri pano hangu.

Zvino akati, Usaisa ruoko rwako pamujaya, kana kuita chero chii zvacho paari: nokuti zvino ndinoziva kuti unotywa Mwari, ndichiona kuti hauna kundinyima mwanakomana wako, mwanakomana wako mumwe chete kubva kwandiri.

Zvino Abrahamama akasimudza meso ake, akatarira, ndokuona shure kwake hondohwe yakanga yakabatwa mugwenzi nenyanga dzayo, kana kuti nenyanga dzayo, waro: zvino Abrahamama akaenda akatora hondohwe, akaipirisa pa...kumusoro sechibayiro chinopiswa panzvimbo yomwanakomana wake.

Zvino Abrahamama akatumidza nzvimbo zita rinonzi Jehovha-jire: sezvazvinotaurwa kusvika nanhasi uno, Pagomo raJEHOVHA ndipo paichaonekwa.

Zvino mutumwa waJEHOVHA wakadana Abrahamama wechhipiri kubva kudenga,

Ndokuti, *Ndakapika neni ndimene, ndizvo zvinotaura JEHOVHA*, . . . nekuda kwekuti waita chinhu ichi, uye *ukasandinyima mwanakomana wako, mwanakomana wako mumwe chete*:

Kuti mukuropafadza *ndichakuropafadza*, uye mukuwanza *ndichawanza* mbeu yako *senyeredzi dze*. . . *kudenga, uye sejecha*. . . *riri pamahombekombe egungwa*; uye mbeu yako ichatora suwo remuvengi wayo;

⁵³ Ndinoda kutora chirevo chekupedzisira ipapo semusoro wenyaya: *Uye Mbeu Yako Ichatora Suwo reMuvengi Wayo*. Ivimbiso yaka—yakanakisa.

⁵⁴ Zvino, tose tinoziva nyaya iyi, zvichida takadzokorora kuiverenga, kakawanda, nguva nenguva, nezvaAbrahama, uye kuti Mwari vakamudana sei kuti abude munyika yake, uye kuti aingova munhuwo zvake, asina chimwe chakatsaurwa. Asi Mwari vakamudana ndokumupa vimbiso.

⁵⁵ Zvino, ndinoda kuti mucherechedze kuti vimbiso iyi yakaitwa naMwari kuna Abrahama yakanga isiri kuna Abrahama chete, asi yaiva kumbeu yake yaimutevera. Zvino, vanhu vazhinji vanoti, “Oo, dai ndaive ndakaita saAbrahama, dai ndaive pokuti Mwari vakataura neni uye—uye vondipa chivimbo sezvaVakaita Abrahama, ipapo ndaizova, nda—ndaizova nekutenda zvechokwadi, Hama Branham, dai ndakangova, dai Mwari vakataura neni sezvaVakaita Abrahama.” Asi une vimbiso imwe cheteyo yakava naAbrahama, ndiko kuti, kana uri Mbeu yaAbrahama.

⁵⁶ Wobva wati, “Asi, Hama Branham, ndiri Murudzi. Handingakwanisa kuva nembeu yaAbrahama.”

⁵⁷ Mbeu yaAbrahama yakanga isiri mbeu yepanyama. Yaiva Mbeu yepamweya, nokuti kudzingiswa kwayo kwakanga kusiri chinhu. Vimbiso, Vakatomupa asati atombodzingiswa. Asi yakapihwa kwaari asati adzingiswa, uye zvaisava nokuti akanga adzingiswa uye ari musungano naMwari nenzira iyoyo. Imhaka yokuti Abrahama akatenda Mwari.

⁵⁸ Uye Rugwaro rwakataura, kuti, “Kana takafa muna Kristu, tinova Mbeu yaAbrahama.” Pauro anotaura nezvazvo, “Uye uyo ari muJudha haasi muJudha kunze, asi muJudha mukati.” Naizvozvo, kana wakaberekwa neMweya waMwari, “uri Mbeu yaAbrahama, uye muri vadyi venhaka pamwe chete naAbrahama maererano nevimbiso.” Maona? Naizvozvo vimbiso yose yakapihwa Abrahama naMwari ndeyako, nokuti pamweya uri Mbeu yaAbrahama.

⁵⁹ Uye uri muJudha ari nani kudarika zvawaizove kana dai waive wakazvarwa neropa rechiJudha, uye zvakare—uye zvakare wova muJudha chaiye muchechi iyoyo, uye uri murambi weMweya Mutsvene uyu wakakosha uye naIshe Jesu

Kristu. Maona? Uri muJudha akapfuurira, nekuti uri muJudha akazvarwa nevimbiso yakabva Kudenga, iyo Mwari vakapa Abrahamama, uye Abrahamama akaigamuchira nokutenda, uye ndizvo zvakamuita kuti ave zvaiva. Zvisinei hazvo, muJudha kunongova kupatsanurwa, nokuyambukira mhiri, muHebheru, nezvimwe zvakadaro.

⁶⁰ Zvino, asi kana wazvitsaura kubva kuzvinhu zvenyika, wayambuka mutsara iwoyo unopatsanura, uye uri muyeni munyika yevatorwa, nyika seyawakanga usiri mairi, pakutanga, nevanhu vausina kumbowadzana navo pamavambo, ipapo unobva wava muJudha pamweya. Nokuti, nenzira imwe chete iyo Abrahamama, nokutenda, akasiya nyika yake, akasiya vanhu vake, akaenda kunyika yavatorwa navanhu vatorwa, wakasiya vanhu vako, ukasiya nyika shure, ukasiya vawaishamwaridzana navo kumashure, ukayambukira mhiri, kubudikidza nemuRopa raJesu Kristu, uye muri vayani, vari kutsvaga Guta, Muvaki noMuiti waro ari Mwari, sezvaive zviri Abrahamama. Vafambi, pamwe chete naVo, tichigara mumatende, machechi, nevagari pamwe chete veHumambo hweKudenga, vadyi venhaka yezvinhu zvose kubudikidza naJesu Kristu. Maona? Tayambukira mhiri, takapatsanurwa.

⁶¹ Zvino, Abrahamama, vimbiso yakaitwa kuna Abrahamama neMbeu yake inomutevera. Zvino, Mwari vakapa vimbiso iyi kuna Abrahamama, yokuti Mbeu yake, yaizitora suwo remuvengi wayo mushure mekunge Vaisa Abrahamama pamuyedzo, vayedza Abrahamama. Zvino, mushure mekunge kuyedzwa kwakauya, zvino. . .

⁶² Abrahamama akanga atotendeuka kare, tingadaro, kubva kuchidheni kupinda muna Mwari. Uyezve Mwari vakanga vamupa, sechiratidzo cheMweya Mutsvene, kudzingiswa. Zvino, mushure mekudzingiswa, kwakabva kwazouya nguva yekuyedzwa.

⁶³ Mufananidzo wakanaka kwazvo pano weChechi, wokuti, mushure mokunge taponiswa, zvino tinopihwa chisimbiso chekudzingiswa kwakavimbiswa, kusiri kwepanyama, asi kwepaMweya. Zvino Mweya Mutsvene ndiwo kudzingiswa kwedu. Ibanga raMwari rakapinza. Unopatsanura nekubvisa nyama dzakawandisa, dzenyika, kubva patiri. Shoko raMwari, rinopinza kukunda munondo unocheka nokumativi 2! Saka, munoono, rinodzoka chaizvo zvakare, Shoko raMwari ndicho chinhu chinoshandiswa neMweya Mutsvene; kwete zvitendwa, kwete masangano. Asi Shoko ndiro rinotipatsanura kubva kuzvinhu zvenyika. Rinocheka pfungwa dzedu nezvinhu, rotitsaurira kuna Mwari zvizere.

⁶⁴ Jesu akati, “Kana muchigara maNdiri, uye neShoko raNgu riri mamuri.” Hezvoka izvo. Zvino, harisi shoko rako. IShoko raKe. Zvino, munoono, “Kana mukagara maNdiri, uye neShoko

raNgu riri mamuri, munogona kukumbira zvamunoda.” Uhuh. Maona? Zvazviri, hausi kutaura shoko rako pachako. Uri kutaura Shoko raKe.

⁶⁵ Saka zvino Mweya Mutsvene ndiwo Wacho unotora Shoko raMwari wotipatsanura nezvinhu izvi zvenyika, munoona, kudzingisa, kucheka uchibvisa. Wobva wazopinda nemunguva yekuyedzwa.

⁶⁶ Zvino, Abrahama, mushure mekunge adanirwa kunze, kwenyika yevaKaradhea, guta reUri, akava mufambi, muyeni. Ndokubva Mwari vamudana, mushure mekunge iye aonekwa kuti aizoenderera mberi nokutora Mwari paShoko raVo. Zvino, zvakaitwa naMwari ipapo, kwaiva kumupa chiratidzo, chokuti Vakanga vagamuchira, Ivo ndokumudzingisa. Uye akadzingisa Ishmaeri nevose veimba yake.

⁶⁷ Uye zvino munoona, kana—kana uchinge wadanwa, chokutanga unopfuura nemumuyedzo, kuona kana uri kuzoenderera mberi zvechokwadi. Zvino Mwari vanobva vakupa Mweya Mutsvene, unova chiratidzo chokuti Vagamuchira kutenda kwako kwaunopupura kuti unako maVari. Munondinzwisisa here zvino? Vari kuzokugamuchira.

⁶⁸ Zvino, ndanga ndichitaura na...Panogona kunge paine hama dzinokosha dzeBaptisti dzakagara pano. Uye munhu wose anoziva kuti ndakabuda muchechi yeBaptisti. Ndanga ndichitaura kuhama yangu muBaptisti. Zvino vakati kwandiri, “Hama Branham?” Vaive Chiremba weDivinity, murume akanaka, Mukristu chaiye. Vakati, “Asi, Hama Branham, munowanepi rubhabhatidzo irworwo rweMweya Mutsvene rwuri chimwe chinhu chakasiyana nekutenda muna Kristu Jesu?”

Ndikati, “Zvakasiyana, hama yangu inokosha.”

⁶⁹ Vakati, “Hamufungi here kuti paunogamuchira Kristu, unogamuchira Mweya Mutsvene?”

⁷⁰ Ndikati, “Ndizvozvo. Asi,” ndakati, “munoona, uri kungopupura kuti wakagamuchira Kristu, kusvikira iYe azvicherechedza.”

⁷¹ Vakati, “Hama Branham, Abrahama akatenda Mwari, uye zvikaverengerwa kwaari sekururama.”

⁷² Ndikati, “Hongu. Asi Mwari vakamupa chiratidzo, chokuti Vakanga vagamuchira kutenda kwake, paVakamupa chisimbiso chokudzingiswa, kuri kuti Vakanga vacherechedza kutenda kwake.” Ameni.

⁷³ Zvino, patinogamuchira Kristu seMuponesi wedu, zvino, kana takaperera mazviri, zvino Mwari vanobva vatipa chiratidzo, chokuti Vagamuchira kutenda kwedu muna Kristu, nokutipa chisimbiso chokudzingiswa, chinova Mweya Mutsvene. Ndicho chisimbiso chekudzingiswa. “Usachemedze

Mweya Mutsvene waMwari wawakasimbiswa nawo kusvika paZuva reKudzikininurwa kwako.” Kwete kusvika kumusangano unotevera; asi kuZuva Rokudzikininurwa kwako. Ndizvozvo, VaEfeso 4:30. Zvino, ndiyo nzira yatinogamuchira nayo Mweya Mutsvene.

⁷⁴ Zvino, kana ukati, “Oo, ndiri mutendi,” apa Mwari vasati vambokupa Mweya Mutsvene nazvino, haVasati vambokucherechedza. Uri kungopupura kuti unotenda. Asi kana kupokana kwese...Handisi kuti hausi mutendi zvino. Mune chimwe chikamu, uri mutendi.

⁷⁵ Asi kana Mwari vawana nyasha, wawanirwa nyasha naVo, waro, uye Vokucherechedza kuva mwana waVo, uye Vanoziva mwoyo wako, uye Vanoono kuperera kwako, Vanoziva kuti zvinhu zvose zvagurwa kubva pauri. Vanobva vakusimbisa muHumambo hwaMwari, neMweya Mutsvene, vachiratidza kunyika kuti Vagamuchira kutenda kwaunoti unako maVari. Mazvibata here zvino?

⁷⁶ Zvino, pakarepo mushure mazvo, kunouya muyedzo. “Mwanakomana wese anouya kuna Mwari anofanira kutanga arangwa, ayedzwa.”

⁷⁷ Jesu, paAkangogamuchira huzaro hweMweya, parwizi, apo Johane akaMubhabhatidza, pakarepo dhiyabhore akaMutora kuenda kurenje, kuti apfuure nemunguva yokuyedzwa. Asi paAkatora Shoko raMwari uye akakunda dhiyabhore, “Zvakanyorwa zvichinzi. Zvakanyorwa zvichinzi,” Akadzoka zvino kubva kunze agadzirira shumiro yaKe.

⁷⁸ Uye ndiyo nzira iyo Mwari vakaita Abrahamama. Zvino, Mwari, mushure mokumudana kuti abude munyika yake, uye akazvipatsanura kubva kunyika yake, vanhu vake, zvino Mwari ndokubva vamupa chisimbiso chekudzisingiswa, ndokuzomupa mwanakomana. Akabva adzika kumuyedzo iwoyo wokupedzisira, kusvika zasi chaiko kunguva yaaifanira kupirisa Isaka mwanakomana wake omene sechibayiro. Zvino Vakati, “Ndichiona kuti hauna kurega mwanakomana wako mumwe woga, Ndinoziva kuti unoNdida.” Vakamupa muyedzo iwoyo.

⁷⁹ Zvino pakarepo mushure mazvo, hondo yakakundwa ipapo, Vakati, “Uye Mbeu yako ichatora suwo remuvengi wayo.” Amen. Ndinozvifarira izvozvo. “Ichatora suwo romuvengi wayo.” Tichasvika papfungwa yekupedzisira iyoyo munguva shoma-shoma, Ishe vachitendera. Zvino Vakawana kuti, Abrahamama akatendeka. Mushure mekunge Vawana Abrahamama akatendeka, Vakabva vamupa vimbiso yekutora suwo remuvengi.

⁸⁰ Zvino ipapo, nguva zhinji, ndipo apo vazhinji vedu maPentekosti takakanganisa, uye nokufunga, “Zvinoka, Mweya Mutsvene wakadururwa pandiri. Mwari ngavarumbidzwe!

Ndizvo zvoga zvandinofanira kuva nazvo.” Kwete, changamire. Uri kutongotanga zvino. Iwewe, hazvisizvo zvino. Kuyedzwa kwako nekuiswa kwako pamuyedzo.

⁸¹ Sezvatinongowana mu—mu, umo mute—te—Testamende Yekare; kuyedzwa, nekuiswa pamuyedzo, uyezve nokuiswa panzvimbo kwemwanakomana. Kugadzwa, kuisa mwanakomana panzvimbo mushure mekunge atova mwanakomana nechekare, achinge akatoberekerwa mumhuri. Iye mwanakomana, zvino anozoyedzwa nekuiswa pamuyedzo, nekurerwa nevadzidzisi, uye voona kuti anobuda akaita sei. Zvino anobva aiswa panzvimbo yakaenzana, potse, nababa vake.

⁸² Zvino ndizvo zvazviri nhasi. Takava nemakore angangoita 40 ekuyedzwa kwePentekosti, kana kudarika, munoono, kuyedza chechi, kuona kuti ichamira here, kana kuti kwete. Kuona izvo iwe. . . Uye, munoono, ndipo pandinozwiwana zvakare. Pachinzvimbo chekubatarira pamuchinjikwa nekuShoko, nekufambira mberi, tinitora mufananidzo wenyika, kuwira *uku*, kana kuwira *uku*, kana kutoredzera pane *izvi*.

⁸³ Sezvandagara ndichitaura zvakaomarara kwazvo ndichipesana nevanhu mune maitiro echizvino-zvino nhasi uno, madzimai vachigera vhudzi ravo, uye—uye varume vachierera nezvimwe zvose, uye vachingofeka mbatya dzisina hunhu nezvimwe. Ndinotsoropodzwa zvakananya pamusoro pazvo. Asi chii? Kuyedza kuponesa chechi yacho. Kuyedza kuvaunza kumusoro *kuno*, kuShoko raMwari, zvisinei nekuti imwe nyika inoti kudii pamusoro paRo. Garai neShoko raMwari. Ameni. Maona? Maona?

⁸⁴ Nyaya yacho ndeyekuti, sezvandaitaura manheru apfuura, maPentekosti akamirira mhengo iri kuvhuvhuta zvine simba, asi vakatadza kunzwa Inzwi diki riya rakanyorovera. Maona? Kuti, zvakaipa kuita zvinhu izvozvo. Vanofunga kuti, “Chero bedzi mhengo iri kuvhuvhuta, zvakana.”

⁸⁵ Asi izvozvo muporofita haana kana kubatikana nazvo. Mhengo inovhuvhuta haina kumbonetsa muporofita Eriya mubako. Kutinhira kukuru nemheni, uye nemvura ichinaya zvakasimba, haana kubatikana nazvo, zvese. Asi chakamuvhundutsa izwi riya diki rakanyorovera, chimwe chinhu ichocho chaitaura nechemukati. “Shoko raNgu iZvokwadi. Regai shoko rose remunhu rive renhema, asi raNgu rive rechokwadi.” Ndizvo zvakakwezva muporofita. Maona?

⁸⁶ Uye richaramba richizviita. Shoko raMwari rinogara richikwezva pfungwa iyo yemweya, nokuti ipfungwa yaKristu iri mauri, inoziva kuti Shoko racho nderechokwadi.

⁸⁷ Uye unopinda nemunguva yekuyedzwa. Chechi inopinda nemunguva yekuyedzwa. Munhu wega-wega anopinda

nemunguva yekuyedzwa asati ambokwanisa kutora suwo remuvengi. Abrahama akapfuura namo. Kristu akapfuura namo. Mushure mekunge Kristu azadzwa neMweya Mutsvene, ipapo parwizi rweJorodhani, akapfuura nemunguva yekuyedzwa. Mushure mokunge Abrahama adanirwa kunze, aiswa munyika yake kwaakanga ari kuzova mutorwa, ndokudzingswa, uye Mwari vakasangana naye, nguva nenguva, asi zvakadaro aifanira kupfuura nemunguva yekuyedzwa. Mbeu yose yaAbrahama inoita chinhu chimwe chetecho, Abrahama neMbeu yake.

⁸⁸ Sangano, chechi, ndicho chikonzero tinoona masangano edu achiwira kurutivi rwenzira, nemhaka yekunge zvasvika pakuyedzwa. Kuyedzwa kupi? Shoko raMwari. Hoyoka muyedzo. Shoko raMwari ndiro rinoyedza. Tichaita here zvinonzi neboka revanhu tiite, kana kuti tichaita here zvinonzi naMwari tiite? Ndiwo musiyano wacho.

⁸⁹ Hezvinoi zvasvika, mazuva aDwight Moody, mazuva aFinney, Sankey, Knox, Calvin, Spurgeon, vamwe vose, varume vava vemweya, masangano akavatevera. Vane boka revarume kumashure uko vakaisa nzira dzavo dzokupinda mariri, mumwe nomumwe achitenda *ichi nechochi*, uye achiwedzera zvishoma *apa*, nokubvisa zvishoma *apo*, uye nokuwedzera zvishoma *apa*, kusvikira pakupedzisira vakaita sangano kubva mazviri.

⁹⁰ Uye pavanodaro, mutendi wechokwadi chaiye, Mwari vanouyapo vitora mumwe munhu mudiki, akazvininipisa, opwanya chinhu ichocho kuita zvidimbu-zvidimbu. Ndizvozvo. Vagara vachizviita. Mwari havashanduke. Anongobvarura chinhu ichocho kuita zvidimbu, vamwe vanhu vane pfungwa yemweya vanozogara chaizvo neShoko iroro.

⁹¹ Regai ndikuudzei. Ndakagamuchira tsamba kumba, yeimwe yemachechi akanakisa, masangano makuru ari mukufamba kwePentekosti. Mudzimai iyeye airwadziwa pamoyo akandinyorera tsamba. Iye ndokuti, “Hama Branham, ndakanga ndiine bvudzi refu uye ndine chibhanzi pagotsi pemusoro wangu.” Akati, “Uye . . . Murume wangu aizvifarira.” Iye ndokuti, “Takatama muguta mataive nechechi yaiva yemweya chaiyo, kunopinda uko kune chechi huru iyi, kereke yekutanga yeguta.” Uye akati, “Patakapinda imomo, hanzvadzi dzose dzechiPentekosti dzakanga dzagera bvudzi radzo.” Uye akati, “Vakati neni-neni nekuda kwazvo. Ndakati, ‘Kwete, kwete. Ndinotenda kuti Bhaibheri rinoti isu tisaite izvozvo; zvinonyadzisa kuita izvozvo.’” Zvino saka akangobva ati, “Zvino vakaramba . . .” Vaitomuseka, voti, “‘Hei, vhiri rako-rako riri kupera mweya kugotsi, sipeya yako,’ nezvose zvakadaro. Uye ndokunetsa murume wangu, nenzira yakadaro, kusvikira akazondimanikidza kugera bvudzi rangu.” Uye akati, “Ndange ndichinzwa mhosva, kubva ipapo.”

⁹² Pafungei, chechi yePentekosti inofanira kumiririra Shoko raMwari! Ndiko kwaunoendeswa nesangano rako. Ndizvozvo. Vanotadza kunzwa Inzwi diki iroro rakanyorovera reShoko, rinovadanira kuchokwadi. Vese vari kuterera mhengo dzinovhuvhuta zvine nesimba, uye nekudanidzira kwakanyanya nekutamba, vachiti vane simba. Izvozvo zvakanaka. Ndinotenda mazviriwo, zvakare. Asi, hama, kana uchikwanisa kutamba nokudanidzira, wobva watendeuka uye woramba Shoko raMwari, uye worarama senyika, pane chimwe chinhu chakatsveyama pane imwe nzvimbo. Ndizvozvo.

⁹³ Mweya waMwari unoburuka, Inzwi diki riya rakanyorovera, wokutungamira wakananga kuKarivhari chaiko, uko kwatakafa, uye hupenyu hwedu hwakavigwa muna Mwari kubudikidza naKristu, nekusimbiswa neMweya Mutsvene. Zvino, Shoko iroro roga rinogara ipapo. “Zvino kana mukagara maNdiri, neShoko raNgu riri mamuri, kumbirai zvamunoda uye zvichapihwa kwamuri.” Hoyo mutsauko.

⁹⁴ Ndinovimba handisi kuzviratidza kwamuri semupengereki. Kana ndiri, handi—ndi—ndisi kuzviziva. Ndi—ndinotenda kuti Shoko raMwari iZvokwadi, uye Rinofanira kugara ipo pano. Uye kana Rikagara pano, RichaZviratidza kunze. Rinotofanira kudaro! Hupenyu hwako, maumbirwe ako ese, achave akasiyana.

⁹⁵ Saka Mwari pavakapa Abrahamama muyedzo, akaukunda, zvakazara. Uye aizo . . .

⁹⁶ Mwari havakwanisi kupa sangano muyedzo, nokuti rose rakavhiringika. Mwari havashande nenzira iyoyo nesangano. Havashande nedzinyika parudzi rweMarudzi. “Vakatora vanhu kubva kuMarudzi.” Israeri, Vakatora rudzi. Asi, paMarudzi, “Vakatora vanhu kubva kuMarudzi kuitira Zita raVo.” Saka, munoona, harisi sanga- . . . Harisi sangano. Munhu ari dungamunhu waVanotora kubva kuMarudzi.

⁹⁷ Zvino kana kuyedzwa kwauya, munoona zvinoitika? Takabuda kuti tiruramiswe. Takagamuchira rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene mukufamba kwepentekosti. Asi kana zvasvika panguva yekuyedzwa, vanotora vadzidzi vakakwenenzverwa, vanoda kufanana nenyika, sezvazvaingova mumazuva ekufamba kwaWesley nevamwe vose. Vanoenda kuchikoro. Va—vanodzidza sainzi. Uye vanodzidza mhando dzose idzi dzezvinhu zvinofambirana nedzidzo. Uye vanoedza kudzidza zvekushandisa pfungwa. “Chinhu chakangonakisa bedzi, zvinoka, usataure *izvi*. Ngavaite *ichi* *nechocho*. Nokuti zvicha . . .” Unoona, uri kuunganidza nekuvaka. Donzvo rako—rako—rako rakatsveyama. Chinangwa chako chakatsveyama. Uri kuvakira kusangano pachinzvimbo chekuvakira kuKarivhari. Ungavakira sei kuKarivhari, usingauye nenzira yeShoko?

98 “Nokuti takasukwa nemvura yeShoko.” “Mukagara maNdiri uye Mashoko aNgu ari mamuri, zvino kumbirai zvamunoda.”

99 Ndipo patinoona kukundwa kwekufamba kwePentekosti, nekuti vanobva paShoko. Shoko rinotaura chinhu chimwe; vanoedza kuita kuti sangano iroro ruiyemo kune imwe nzvimbo. Zvino vachafamba chaizvo vachibva paShoko iroro, vobva vanyatsopindirana chaizvo nesangano. Uye munoona kwazvakaenda? Zvakada kufanana nemamwe makereke ose. Asi zvino tintamba nokudanidzira, nokutaura nendimi, nokusvetuka-svetuka, izvozvo zvakana. Sangano ravo rakanaka. Ndinovimba kuti ndazvijekesa. Asi nyaya yacho ndeyekuti, Inzwi diki riya rakanyorovera reShoko riri kutaura. Ndizvozvo.

100 Unopinda nemukuyedzwa. Mwari vanokuyedza sezvaVakaita Abrahamu. Vanoyedza Mbeu yaAbrahamu, shure kwake. Uye zvino, chikonzero sei tisingatore suwo remuvengi, chikonzero pane zvakanakanda pakati pedu, imhaka yekuti isu hatigone kumira pamuyedzo. Zvino regai ndikuudzei chimwe chinhu, kuyedzwa neShoko kwakarurama.

101 Chikonzero sei tisina, uye tisingazombofi takava... musangano. Ndinofunga Pentekosti ine masangano akanaka chaizvo. Vamwe vevarume vakanakisisa ini... vari... vanogara panyika, vari imomo—imomo mumasangano.

102 Assemblies of God, ndine shamwari imomo. Ini zvangu! Imwe hama iri kuIndiana chaiko, kwandiri kuenda, kunova nemusangano, ndinotenda, pakarepo, ndichitongosvika. Hama Roy Weed, ndisadunhu wedunhu reIndiana. Ndinotenda kuti murume ane humwari. Zvisinei hazvo, ndiye sadunhu weAssemblies of God.

103 Foursquare, oo, ini zvangu, vakawanda kwazvo! Ralph McPherson nevazhinji vehama idzodzo, vanova varume vane humwari, hapana chinhu pahupenyu hwavo. Varume vakanaka.

104 Tichienda kune veOneness, zvavanozvidaidza pachavo, Oneness. Kana, zvino, handifungi... Vanoidaidza kuti Jesus Name church. Jack Moore, kungodaidza mumwe chete kubva... Kune mazana avo, varume vakanaka, varume vakanaka, varume vane humwari.

105 Asi nyaya yacho ndeyekuti, hama, ndeiya, kana ukazobatirira kusangano iroro. Maona? Mwari vanatora masangano iwayo, zvino—zvino ose zvawo akawa. Atarisei, nyika ichiverevedza kupinda mukati. Tarisai madzimai awo. Tarisai varume vavo. Tarisa zvinhanho zvawo. Ndaigona kukunongedzerai, vanhu veAssemblies of God vane madhikoni pabhodhi ravo, vakarooro ka 2 kana ka 3, vaparidzi vachienderera mberi. Vakadzi vane vhudzi ravo rakagerwa, vakapfeka zvikabudura, nekupenda kumeso, uye zvakadaro vachitaura kuti vane Mweya

Mutsvene, zvichizororera pahumbowo hwekutaura nendimi, kana kusvetuka-svetuka, kana kudanidzira.

¹⁰⁶ Vanokundika Inzwi diki riya rakanyorovera reShoko. Shoko iroro rinokuchengeta wakadzikama pamuchinjikwa. Ndipo pazviri. Ndiko kusaka tisina vaporofita vechokwadi muchechi nhasi, saAgabhasi.

¹⁰⁷ Ndosaka, chechi nhasi, ivo—ivo havatomboremekedzi kutaura nendimi kana mumwe munhu achitaura, nokuti vakanzwa zvenhema zvakawandisa nekungoenderera, kusvikira havachazivi zvinova chaizvo nezvisizvo mariri.

¹⁰⁸ Dudziro dzinongova zvadzo kurotomoka, mumwe munhu achingotaura chimwe chinhu nokuti anonzwa kutungamirirwa. Handiyo dudziro. Dudziro; kwete kuti mumwe munhu anomira otaura nendimi, mumwe osimuka mumaminetsi mashoma odudzira zvaataura. Kana mumwe achitaura, mumwe ari kududzira ipapo chaipo, achitaura shoko neshoko, matauriro mamwe chete, zvose hazvo zvakafanana. Murume *uyu* anogona kunge ari kuporofita, asi hakusi kududzira. Vamwe vavo, mhando *iyi* yezwi richipa chimwe chinhu, *iri* riri kumashure uku richipa chimwewo chinhu. Uye vamwe vanotaura mazwi 10, mumwe otaura mazwi 50 shure kwacho, sedudziro.

¹⁰⁹ *Kududzira* zvinoreva kuti “kutaura, shoko neshoko.” Kana riri Shoko raMwari, rinofanira kuuya, shoko neshoko; mutsara pamusoro pemutsara, mutsara pamusoro pemutsara. Ndiyo nzira iyo Shoko yarinofanira kuuya nayo.

¹¹⁰ Asi chii chatakaona? Zvenhema zvakananyisa! Uye vakaita izvozvo, kuitira kuti, pachinhambo chekugara neShoko, vakazviisa pasi ipapo. Munhu paakangozviita izvozvo, vakamudaidza kuti muPentekosti. Zvino munoziva zvinoitika.

¹¹¹ Kana muyedzo wauya, nguva yekuyedzwa, zvino Mbeu inotanga, zvinoratidza kuti Mbeu ndeipi uye isiri ndeipi. Zvino, zvisinei nokuti chii chakaitika, Abrahama akagara neShoko, vimbiso yacho.

¹¹² Asi nhasi sangano harigone kuita izvozvo. Uye vamwe venyu hama dzinokosha dzinobva kumasangano iwayo, ingopesana navo kamwe chete zvako, unoziva kwawaenda. Vangani venyu?

¹¹³ Handitauri, muchivakwa chino zvino, asi vangani vakambova mukamuri yangu yekuverengera, vangani vakambenge vaneni, voti, “Hama Branham, tinoziva kuti iChokwadi. Asi kana tikadzingirwa kunze kuno, tichaita sei?”

¹¹⁴ Hama, tichaita sei? Batirira paKarivhari, batirira pavimbiso, batirira pamuchinjikwa, zvisinei.

¹¹⁵ Uye imomo, vane vamwe vevarume vakanakisa. Maona? Asi zvandiri kuedza kuita, kutaura kuti, izvozvo zvinofanira kuti zvikundike. Zvakagara zvichikundika uye zvicharamba zvichikundika. Asi ndezvekuti, ukakundika kana kuti kwete,

naMwari, chengeta Shoko raMwari nevimbiso yaVo, kutanga. Unozoyedzwa naRo.

¹¹⁶ Uchasaina mapepa, ekuti uchaita *izvi* kana kuita *izvo*. Kunyangwe zvichipesana neShoko, uchatongorisaina. Ndizvozvo. Mumoyo mako, unoziva kuti zvakaipa. Ndiro Inzwi diki riya rakanyorovera riri kutauro, Shoko iroro. Ndosaka tisingakwanisi kuenderera mberi, nekuda kwechimwe chinhu chakaitika. Wakazvipatsanura kubva kuInzwi diki riya rakanyorovera. Wakamhanya nekukasirisa. Mwari vaikudana, asi wakamhanya nekukurumidzisa, nekuti mabhanan'ana akatinhira, mheni ikapenya, gomo rikazunguzika.

¹¹⁷ Hazvina kumbobata Eria, muporofita iyeye. Aida Inzwi iroro, kutanga. Akati, “Ndicharara pano chaipo.”

¹¹⁸ Vazhinji kwazvo nhasi, vakatanga, shumiro dzekunamatira vanorwara, vachienzanisa panyama, mhando dzose dzezvinhu, nekutekenyedzwa zvingatomboonekwi muShoko raMwari. Ndizvozvo. Chii ichocho? Tinofanira kuimba rwiyo rwuya, “Avo vanomirira pana Jehovha. Regai ndizvininipise pakuzvikudza kwangu uye ndodana paZita reNyu. Regai ndimirire, Ishe, kusvikira ndanzwa Inzwi diki riya rakadzikama.” Uye Inzwi iroro richava Inzwi reMagwaro. Richataura chaizvo neShoko. Amen. Zvakanaka.

¹¹⁹ Awanikwa, Abrahama mushure mokunge aiswa, adanirwa kunze, apatsanurwa nevadikanwi vake, kubva kumhuri yake, kubva kumba kwake, kubva kuhama dzake, kuenda kunyika yevatorwa. Nokutenda akaita izvozvo. Zvino, nokuda kwekuti akazviita, Mwari vakamupa kudzingiswa, kuratidza kuti akanga ari mwanakomana waMwari, kuti akatenda maVari nokuti akanga achitenda vimbiso. Asi, haana kukwanisa, haana kuzviona panyama, asi akapupura kuti, “Chinhu chose chaipesana neShoko raMwari chaiva chenhema.” Zvisinei nekuti humbowo hwakawanda sei hunouya, chichiri chenhema.

¹²⁰ Ndinovenga kutauro izvi, asi ndiri kutozodaro. Tarisai. Uye paunotoro madzimai, ndichazvitauro chinhu chimwe chete chinooneka, chaunogona kuona, avo vanozviti vane Mweya Mutsvene, uye vasina hunhu hwakakwana hweku—hwekusiya vhudzi ravo richikura, pane chimwe chinhu chakatsveyama pane imwe nzvimbo. Mukadzi anopfeka nguwo inova iri yemurume, uye oipfeka, iro Bhaibheri richiti, “Chinyangadzo kuna—kuna Mwari, kuti mukadzi apefe nguwo yemurume.” Zvino wobva wati une Mweya Mutsvene uye woita izvozvo?

¹²¹ Ndakataura nezvazvo rimwe zuva muOregon. Paiva nemudzimai akandinyorera tsamba huru kwazvo. Akati, “Hama Branham, mune shumiro inoshamisa, asi chokwadi muri kuiparadza.” Akati, “Zvino, ko . . .” Akati, “Ndinopfeka mahovhorosi nguva dzose.” Akati, “Ko zvakadini pakuenda mubindu kunosakura mune rimwe—rimwe bindu, uye

ndakapfeka dhirezi. Hamufungi here kuti zvaizotaridzika zviri nani ndakapfeka hovhorosi pane zvazvingave, kana madhangarii, chero zvazvingava, pane kupfeka dhirezi?" Uye akati, "Tarirai, ndinotasva ndichikwira mumakomo navakomana kana vokwira kundofudza mombe, uye," akati, "Ndinopinda munzvimbo yakazara nehumhutu." Akati, "Zvino, ndaka—ndakapfeka dhirezi, hwaizondidya. Ndiine hovhorosi hahundinetse."

¹²² Ndakati, "Izvo zvitete kupfuura muto wakagadzirwa nemumvuri wehuku yakafa nenzara. Nhai vedu! Hazvina kana Shoko raMwari rimwe pamusoro pazvo. Maonero ako pachako."

¹²³ Mwari vakati, "Regai shoko rimwe nerimwe rive renhema, uye raVo rive rechokwadi." Mudzimai wangu anopfeka dhirezi. Anosakura mubindu. Haana dambudziko nazvo. Uye, zvisinei, mudzimai haafanire kunge ari muboka revarume kunze uko, vachifudza mombe, zvisinei. Anofanira kunge ari mukicheni maanofanira kuva. Ndizvozvo.

¹²⁴ Vari kungoedza kutsvaga pembedzo, asi hapana. Shoko raMwari rakajeka, uye mudzimai akazvarwa neMweya waMwari acha. . . Uye murume akaberekwa neMweya waMwari haatendere kuti mudzimai wake kuti aite saizvozvo. Vakati kudini? "Iye anogera bvudzi rake, anozvidza musoro wake." Zvino murume wake ndiye musoro wake. Haana rukudzo.

¹²⁵ Zviri nani zvangu ndinyarare. Zvakanaka. Zvino, munoono, munoono, zvakanaka. Munoziva zvandiri kutaura nezvazvo.

¹²⁶ Handitaure izvozvo neruvengo. Kana ndikazvitaure neruvengo, Mwari ngavanzwire tsitsi mwoyo wangu uzere zvivi; regai ndidzike pasi apa paartari iyi, nditendeuke.

¹²⁷ Ndiri kuzvitaure nekuti, shamwari, ndinokudai. Uye ndiri kuedza kukutaurirai icho chinova chokwadi, uye ndiro Shoko raMwari. Tinofanira kunzwa Inzwi diki riya raMwari, kuti tienzane neShoko. Tiri kupfuura nemunguva yekuyedzwa. Hareruya!

¹²⁸ Macherechedza here kuti mushure menguva yekuyedzwa iyoyo yasvika, kudzidziswa ikoko kwemwanakomana akazvarwa mumhuri yesangano? Kana akamira pamuyedzo uye oramba aine chido chababa, zvino mukomana iyeye aiendeswa kunze uye aipfekedzwa nguwo, zvino pozove nemhemberero yaizotaurwa. Zvino mukomana iyeye aibva aiswa panzvimbo mumhuri yaakaberekerwa.

¹²⁹ Ndiro dambudziko nemaPentekosti edu nhasi. Vanongosvetuka *pano neapo*, uye masangano edu anovadhonzera *uku neuko*. Havagari neShoko.

¹³⁰ Kana ukagara neShoko, zvino Mwari, vachiona, "Kana muchigara maNdiri, uye Shoko raNgu riri mamuri," raVo, haVakwanise kuRiramba, IShoko raVo. Zvino pachava nenguva,

imwe nguva, yauchazoburitswa kunze woiswa parutivi, uye wopihwa chimwe chinhu chechokwadi, hareruya, simba raMwari Samasimba.

¹³¹ Izvo, Mwari vakamirira vana vaVo, asi havatongopindi mugwara, kana vasvika panguva iyoyo yekuyedzwa. Uchazvigamuchira here? “Zvinoka, chechi ichandidzinga.” Zvakanaka. Hezvoka izvo. Saka, enda. Haisiyo Mbeu yaAbrahama. Mbeu yaAbrahama haiiti saizvozvvo.

¹³² Mbeu yaAbrahama! Zvino, handina basa nezvakauya zvichipesana naAbrahama, akanyatsogara chaizvo neShoko iroro revimbiso, akangonyatsogara naro. Zvisinei nekuti Sara akauya sei, vamwe vakauya sei, vakasiyana-siyana vakauya sei, zvose, akazvitora sokunge zvakanga zvisipo. Akatarisa, akatenda kuti aigona kuona vimbiso, nokuti Mwari vakaivimbisa kwaari, uye ndizvo zvoga zvose zvaivepo kwazviri. Raiva Shoko raMwari, rakagara chaizvo maari.

¹³³ Zvadaro Vakamupa muyedzo uya wekupedzisira. “Ndichamupa migove miviri, ndomuyedza.” Zvino, atova nemwanakomana wacho. Anoona kuti ave naye. “Asi zvino Ndichamuudza kuti, ‘Tora mwanakomana iyeye umuuraye.’ Uye urege mwanakomana iyeye, kana aona...Achauraya mwanakomana iyeye here? Ndichamuyedza zvino.”

¹³⁴ Abrahama, akatendeka kuShoko! Kuti, kana wagamuchira vimbiso, uchamisa sei chinhu ichocho?

¹³⁵ “Ucha—uchaita sei—uchazombotarisa sei kuva baba vemarudzi, uye hezvino wava nemakore 115 ekuberekwa zvino?” Isaka muduku, aine makore kunge 14, 15 okuberekwa. “Uchava babaemarudzi sei iwe wava nemakore 115 ekuberekwa, heuno mwana wako mumwe chete, uye uri kuparadza humbowo hwako hwega hwaunahwo?” Amen.

¹³⁶ “Ndichazvigona sei kana ndikabuda musangano rangu? Ndichazvigona sei kana ndikaita *izvi*?” Oo, teerera kuInzwi diki riya rakanyorovera uye kuShoko, Shoko.

¹³⁷ Unoti, “Ndakanzwa izwi richindiudza *izvi*.” Kana richipesana neShoko, rakanga risiri Inzwi raMwari. Inzwi raMwari rinouya kuShoko.

¹³⁸ Zvino Abrahama akafamba akananga chaiko kuInzwi, uye Inzwi diki raMwari, rakanyorovera, kuShoko raMwari, anofanira kutora hupenyu hwemwanakomana wake pachake.

¹³⁹ Akati, “Dzora ruoko rwako, Abrahama. Ndinoziva kuti unoNdida zvino. Uye vose vanokutevera, hareruya, vose vanokutevera, vanoda kutora Shoko raNgu, ichava Mbeu yako, uye ipapo achatora suwo remuvengi.”

¹⁴⁰ Ndinoshuva kuti dai ndaikwanisa kuva nenguva yokukuudzai chimwe chinhu chakaitika mazuva mashoma apfuura, munoono, pamusoro pezvakaitika. Oo, ini zvangu!

141 “Ichatora suwo romuvengi; Mbeu yako inokutevera. Abrahama, uyo anokuropafadza acharopafadzwa, uye uyo anokutuka achatukwa.” Jesu akati, “Zviri nani kuti guyo risungirirwe pamutsipa wako, uye unyudzwe kuzasi-zasi kwegungwa.”

142 Zvino masangano aya anoburitsa varume avo vane humwari, nokuti vakamira neChokwadi, Shoko, neMweya nesimba raMwari, uye ndokugara neShoko, munoona zvakaitika? Unonyudzwa mugungwa rekanganwiro.

143 “Zviri nani kuti guyo risungirirwe pamutsipa wako, wonyudzwa kuzasi-zasi kwegungwa, pane kutombogumbura mudukusa weVazodziwa ava.” Ivo chii? Mbeu yaAbrahama iri kugara neShoko revimbiso.

144 Mamwe machechi edu ari kusvika panzvimbo yavanoramba, vanoramba kupodza kwaMwari, havachakudi muchechi mavo zvachose. Ndizvozvo. Masangano edu ePentekosti haachadi zvachose kupodza kwaMwari. Chii ichocho? Hamuoni here kuti dhiyabhore akashanda sei? Akasvika ipapo ndokutaura zvinhu zvenhema ipapo saizvozvo. Uye vangori varume vane njere dzakatesva vanofunga kuti ndevemweya, zvino vanotarisa izvozvo, vobva vati, “Tarisai *uyo*. Tarisai *uyo*.” Handisi kutarisa izvozvo.

145 Kana uri Mbeu yaAbrahama, uchatarisa kuvimbiso yaMwari, zvakataurwa naMwari kuti uite pamusoro pazvo. Ndizvozvo. Mbeu yaAbrahama, tintarisa pavimbiso. Handina basa kuti vangani vanowira *neuku* uye kuti vangani vanowira *neuko*. Vimbiso inoramba iri yechokwadi.

146 Unofanirwa kupfuura nemumiyedzo iyoyo. Maona? Hongu. Abrahama, akatanga ayedzwa, ndokuzosimbiswa, ndokuzopihwa vimbiso yokuti “Mbeu yake inofanira kutora suwo remuvengi.” Ndinozvifarira izvozvo. Zvino, vakatora masuwo emuvengi wavo mushure mekunge vayedzwa.

147 Nyaya yacho ndeyekuti, isu hatigone kumira mukuyedzwa. Ndicho chikonzero masangano edu asingakwanisi kumira mukuyedzwa. Hakusi kuda kwaMwari. Ndizvo, Mwari vakazviropafadza, asi hakusi kuda kwaMwari. Nekuti, munoona, mune boka rose revarume pano vane zvitsama zvakazara nemazano, zvino vanoabatanidza pamwe chete uye vobuda nerakanakisisa ravanogona. Vamwe vavo vanoti, “*Uyu* munhu mukuru. Haugone kuramba shoko rake.” Zvino, ndiyo nzira imwe cheteyo chechi yeKatorike yakaitwa nayo sangano, chinhu chimwe chetecho, paboka revatendi vakatesva njere. Vananyanjere, vanozvitarisa, vozviita kuti zvifambirane nenguva. Haugone kuita izvozvo. Zvimwe zvese manyepo kunze kweShoko raMwari.

148 Abrahamama haana kumbotarisa chinhu chimwe zvacho kunze kwevimbiso yaMwari. Zvisinei nezvaiveko, akagara nevimbiso yaMwari.

149 Zvino ndicho chikonzero tisingawane vamwezve. Sangano harigone kutora suwo remuvengi. Mune pfungwa dzakawandisa dzisina basa imomo.

150 Zvinotorera munhu pachake, anatora suwo remuvengi. Unogona kuzviita kana uchida zvako. Hongu, changamire.

151 Ngatiyedzei vashoma, kwemaminetsi mashoma, tione kana vakagara muGwaro.

152 Zvino, paive neimwe nguva zasi kuBhabhironi pakwaive nechi—chimupunzo chakamiswa, mufananidzo chaiwo wekereke yeKatorike, uye vose vasina kupfugamira kuchimupunzo ichocho vaizopiswa movira romoto. Zvino, aiva mangange, kuti vaizomira here, apo Mwari pavakati, “Usava navamwe vamwari kunze kwaNgu, kana kuita mufananidzo wechimwe chinhu zvacho.” Ndizvo zvakataurwa naMwari. Mangange akasvika.

153 Vamwe vaIsraeri vose vakawiramo chaimo. Zvino hwamanda payakarira, uye mu—uye mutengeramwa pawakarira, nemu—nemutopota pawakarira, handiti, vose vakawira pasi pamberi pechimupunzo ichi.

154 Asi paiva ne 3 vavo vakati, “Hatisi kuzodaro.” Vakanzwa Inzwi diki riya rakanyorovera, zvino vakagara mugwara neShoko. Vakaitei? Vakagara neShoko.

155 Uye mushure, ivo—ivo—ivo vakati, “Kana ukasazviita... Tichakupa mumwe mukana, kana kuti tichakukandira movira remoto.”

156 Vakati, “Mwari vedu vanokwanisa kutidzikinura kubva movira remoto.” [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] “Asi, zvisinei hazvo, tichagara neShoko.”

157 Zvino, hama, ko imi? “Chii chandichaita, Hama Branham?” Gara neShoko. Gara nevimbiso. “Chechi yangu yose ichabva pandiri.” Gara nevimbiso. Vachafanira kutsakatika, vozongoenda rimwe zuva, zvisinei. Asi, Mwari havadaro. Gara nevimbiso. “Zvinoka, ndinokuudzai, vanozondidzinga.” Gara nevimbiso, zvimwe chetezvo. Iwe gara nevimbiso. Zvino, kana uchigona kugara nevimbiso uye wogara ipapo, saka gara zvako navo ipapo.

158 Yanana nemunhu wese. Asi zvino pano, zvino, hauzombohwini neimwe nzira asi kunze kwekuyanana nemunhu wese. Unofanira kudaro. Zvino, kana vanyanya kuipa, voita hunzenze, ipapo chibva wagarira kure navo. Ndizvozvo. Usavike munharaunda yemuvengi. Asi chero bedzi uri kuedza kuhwina hama yako, zvakasiyana. Maona?

159 Zvino tarisa, asi haufe wakakurira maonero esangano, munhu mumwe chete, kwete, changamire, apo, ivo vakadzika

mutemo wavo wekuti, “Tinotenda *izvi*,” furustopu. Kana waizonyora dzidziso yako kuti, “Tinotenda *izvi*,” koma, zvaizova zvakasiyana. Furustopu inoreva kuti, “Tinotenda *izvi*, uye unofanira kuuya pane *izvi* uye wosaina bepa iri, kana kuti ndizvo zvoga zvazviri.”

¹⁶⁰ Asi kana ukati, “Tinotenda *izvi*,” koma, “nezvimwezve zvatingadzidza kubva kuna Mwari. Takazaruka kuMweya Mutsvene,” zvino uri kuenderera mberi, hama. Hongu. Zvichave zvakasiyana zvino.

¹⁶¹ Asi, munoona, kana wakazvinyora wakaisa furustopu, zvino Mwari vopa chimwe chinhu chinouya, chinoratidza kuti iShoko raVo, Zvokwadi, haugone kufamba, nokuti “furustopu.” Inopedza nyaya yacho. Ndipo pakafira maLutherani. Ndipo pakafira maMethodisti. Ndipo pakafira maBaptisti. Ndipo pakafira maPresbyteriani. Uye ndipo pari kufira maPentekosti. Ndizvozvo. Ndizvozvo. Vanofira ipapo chaipo, ingotarisai, nokuti zva—zvakatonyorwa kare. Hapana chinhu iwe—iwe unogona kuwedzera kwazviri kana kutapudza kwazviri. Zviri—zviri. Ndiyo dzidziso yako.

¹⁶² MuLutheran haana kukwanisa kugamuchira kucheneswa. Kwete, changamire. Akapedza nokuti, “Vakarurama vacharurama nokutenda.” Kwete Martin Luther; asi boka iroro rakamutevera. Ndizvozvo.

¹⁶³ Kwete John Wesley; asi boka rakamutevera. Ndizvozvo.
Kwete Calvin; asi boka rakamutevera.

¹⁶⁴ Kwete John Smith wechechi yeBaptisti, akanamata zvakasimba kwazvo, panguva dzehusiku, kusvikira maziso ake akavhara nekuzvimba, achiitira chechi yake; uye mudzimai wake akatozomutungamirira ndokumudyisa ikoko nechipunu, patafura. Kwete iye; asi boka iri remaBaptisti rinomutevera, sangano rakauya shure kwake.

Kwete Alexander Campbell; asi avo vakamutevera.

¹⁶⁵ Kwete kufamba kwepentekosti kwepakutanga, vaiva nezvinhu zvose pamwe chete, uye vachiyanana nemunhu wese; asi mapoka akauya uye akati, “Kwete. Tiri *izvi*, uye tiri *izvi*. Uye *idzi* ndidzo nyaya dzacho, uye ndizvozvo!” (“Vachizvipatsanura, vachiita sevasina Kutenda.”) Ndizvozvo. Ndizvo zvakaiziita. Hecho chinhu chakaipa. Amen. Ndinonzwa manyukunyuku ekunamata, mangwanani ano.

¹⁶⁶ Vana vechiHebheru, mushure mokunge vamira pakuyedzwa, kwekuti vaizomiririra Shoko revimbiso here, kana kuti kwete, vakaiswa pakuyedzwa. Zvino vakaita sei? Vakatora suwo remuvengi. Amen. Sei? Vakagara paShoko.

Gara neShoko, Inzwi raMwari iroro rinotaura kwauri.

¹⁶⁷ Zvino, kushandisa pfungwa kwese kwakati, “Zvino, tarirai. Bhabhironi, hazvizove nemusiyo. Nokuti, isu, kana

tichigwadama pamberi pechimupunzo ichi, tiri kunamata Mwari, zvisinei. Saka, kana tikazviita nenzira *iyi*, tinozvireva nenzira *iyi*.”

Zviite nenzira yazvakataurwa naMwari.

168 Ko dai Mwari vakati, “Mosesi, bvisa shangu dzako, Mosesi. Uri panzvimbo tsvene.”

169 Oti, “Ndinokutendai, Ishe. Chokwadi ndinotenda maMuri. Ndichangobvisa ngowani yangu, pane kudaro. Zvinonyanya kunetsa kusunungura shangu yangu.” Uh-huh. Huh! Zvaisazomboshanda.

Vakati, “Shangu.” Havana kutaura kuti “ngowani.” Ndizvozvo.

170 Unofanira kuuya, mutsara nemutsara, zvinotaurwa naMwari, uye wova mugwara reShoko raVo.

171 Zvino, mushure mekunge vayedzwa, vakatora suwo remuvengi wemoto. Vakazoona, pavakadzika zasi chaiko kumagumo, vakagara paShoko raMwari, vakatora suwo. Ndizvozvo. Mushure. . .

172 Dhanieri. Kwakange kune chiziviso chakapihwa, uye chikasainwa nevaMedhia nevaPeresia, chaisagona kushandurwa, kuti, “Kana chero munhu akanamata kune chero mumwe mwari, ngaakandirwe mugomba reshumba.” Zvino Dhanieri aiziva kuti Shoko raMwari raiva, kunamata kwaVari chete, saka akangovhura mahwindo ndokunamata zvakadaro. Zvino, haana kumboenda kumashure mukona. Akazarura mahwindo akananga kutemberi. Akanga asinganyare nazvo.

173 Zvino hatidi kurarama chinamato chedu musi weSvondo, uye Muvhuro toita chimwewo chinhu. Kana, kutenda mumoyo yedu chinhu chimwe, touya pamberi pemumwe munhu zvino toti, “Zvinoka, handizivi. Hongu, ndinofunga kuti uri raiti.” Iva zvaari. Usiri, ibva papurupiti, buda muchechi. Ndizvozvo. Nokuti, uri chishoreso kune zvose. Gara uri zvaari. Taura zvaanotenda, zvino hauna chii zvacho chaunodududza kubva kwachiri. Wakamira chaizvoizvo pane zviri chokwadi. Munhu wose anoziva chaizvo zvaari. Vanhu vachakuyemura, chero munhu.

174 Mukadzi anogona kunge akanyangara chaizvo. Anogona kunge ari muhombe, mufemu, mudiki, akawondoroka, ane bvudzi dema, ane maziso ebhurauni, maziso ebhuruu, maziso mapfumbu; rimwe, rakatarisa uku, uye rimwe racho kumwewo. Asi kana mukadzi iyeye akachena, ari mudzimai kwaye, hakuna murume munyika angarega kumubvisira ngowani yake kwavari, kana aine kadodzi kehurume maari. Ndizvozvo. Nokuti, iye—iye anobuditsa zvaari, uye varume vanozviyemura.

175 Saka Mwari vachakoshesa munhu anenge ari zvaari, kana kuti varume vanozviti Makristu. Ngativei Mukristu, akazadzwa

neMweya Mutsvene, neShoko raMwari, kana kuti tokanganwa nezvazvo. Ndizvozvo. Nokuti, neimwe nzira, unova hunyengeri, uye uchirarama hupenyu hwakasiyana. Uye vanhu vanokuona uchimhanya kuno kumadhanzi, uye uchiputa, nezvimwe zvakadaro, uye uchizviti Mukristu, zvino, munoona, unoisa chigumbuso munzira yevamwe.

¹⁷⁶ Nokukuonai imi madzimai, dzimwe nguva, kugera kwavanoita vhudzi ravo nemapfekero nekuita kwacho vakapfeka madhirezi madiki aya, wotaridzika kunge sochisi ine ganda kana chimwewo chinhu, uye vachibuda kunze uko mumugwagwa, vachifamba-famba, hiri dzakareba kunge *kudai*, vachizvonyongoka vachidzika nemugwagwa. Ndiyo pentekosti here? Zvino ma—mamwe machechi anoti, “Vanozviti vane chimwe chinhu icho chavasina.”

¹⁷⁷ Wakaiswa chisimbiso nekuiswa chiratidzo neMweya Mutsvene. Hausi muhoro yemadhanzi manheru ano uye wakambundirwa mumaoko emumwe murume, uyo asiri murume wako; manheru anotevera, wodzoka kucheche uye wotamba kwose-kwose. Hachisi chipentekosti. Hunyengeri ihwohwo. Itsvina.

¹⁷⁸ Handisi kunyanya kuzvitaura kwamuri. Asi, munocherechedza kuti, matepi aya anogadzirwa pano anoenda pasi rose, saka ndinongoparidza sekunge kune vari pasi rose. Pandinonzwa Mwari vachiti, “Taura chimwe chinhu,” ndinongochitaura, nokuti handizivi kwachiri kuzoenda. Zviri kwaVari kuzoona nezvazvo. Ingogara neShoko. Ndizvozvo. Zvakanaka.

¹⁷⁹ Kwete, Dhanieri haana kuzopfugamira kune chiziviso chavo, kunyangwe aizodzingwa musangano kana kuti kwete. Akagara pahwindo chaipo, ndokugara neShoko raMwari. Akanga asinganyare naRo.

¹⁸⁰ Chii chakaitika? Vakamukanda mugomba reshumba, asi akatora masuwo egomba reshumba. Sei? Kubwinya! Nokuda kwekuti Mwari vakati yake... “Mbeu yako ichatora suwo remuvengi.” Chero zvaari muvengi wacho, unotora suwo racho. Oo, kangani kataigona...?

¹⁸¹ Tarirai Mosesi, achitevera mumutsara wemirayiro yaMwari, akaenda zasi kuEgipita, zvaiita sekuti zvinhu zvese zvaipesana. Aiva nevamwe vatevedzeri vakaenda naye. Akaenda zasi nezvimwe zvi—zviratidzo, zvokuratidza kuti akatumwa. Akakandira pasi nyoka, nezvimwe zvakadaro saizvozvo.

¹⁸² Zvino hevanoi vatevedzeri ndokuuyawo, vakakanda dzavo pasi. Chii chaaigona kuita? Hapana. Mwari havana kumbomuudza kuti vaizoita izvozvo. Vaida kuyedza Mosesi. Ndivo vaCho Vakabvumira Jane naJambure kukanda pasi nyoka dzavo, kana kuti tsvimbo dzavo.

183 Saka hapo Mosesi akamira mugwara rebasa. Akakandira tsvimbo yake pasi. Ikashanduka kuita nyoka. Akati, “Tarira izvo, Farao. Ndizvo zvandakaudzwa naIshe wangu kuti ndiuye, ndiite pamberi pako.”

184 Farao akati, “Huyai pano, Jambure naJane.” Vakakandira tsvimbo dzavo pasi. Dzakashanduka kuita nyoka, izvo zvakaitwa naMosesi.

185 Chiso chake chaiva chatsvuka here? Kwete, changamire. Akanga achiri kutenda kuti Mwari vakanga vamutuma. Akagara nevimbiso iyoyo. Zvino chii chakaitika?

186 Ndipo paunenge uri pamberi peimwe yemisangano yako yemakonivhenisheni. Chiso chako chinogona kutsvuka, zvishoma. Gara neShoko.

187 Chii chakaitika? Kamwe-kamwe, mhungu huru iyi yaMosesi yakatendeuka ndokudzimedza. Mwari vakasimbisa. Mushure mekuyedzwa kwake, akati, “Ndinoda kuti iwe, nechiratidzo ichi, urege vana ivavo vabude kunze uko. Ndinoda kuti uvadzosere kumusha, kwavanobva. Mwari vakaburuka zasi kuno kuzotaura, vakandituma zasi kuno kuzovadzikinura. Ndinoda kuti vadzokere.” Akaikanda pasi ipapo.

188 Oo, kuyedzwa kwakauya. Mosesi, uchaita sei, uchatendeuka, wofamba uchienda, woti, “Zvino, ndinogona kunge ndanga ndiri kukanganisa”? Kwete, changamire.

Mosesi akamira ipapo chaipo, “Mwari vakazviraira.” Kubwinya!

189 Mwari vakataura chero chinhu, gara naRo. Zvisinei nezvinoitika, gara naRo. Kana vakakudziringira kunze uye voti, “Hatisi kuzobatira pamwe, hatizoite *izvi*,” gara naRo.

190 Mosesi akanyatsogara naro. Chii chakaitika? Akatora suwo remuvengi wake. Hareruya. Dhiyabhore akati, “Ndichatambanudza Gungwa Rakafa pamberi pako,” asi rakazaruka. Havana kukwanisa kuramba vakavachengeta muEgipita. Akatora suwo remuvengi. Sei? Nokuti akamira nekutumwa kwaakapihwa naMwari. Mirairo yaMwari, akagara neShoko raMwari uye akatora masuwo emuvengi.

191 Joshua, mushure mekunge apinda nemumuyedzo. Akambenge ari zasi ikoko, zvichida, uye akashambira achiyambuka Jorodhani, iye naKarebhi, nevasori. Paakadzoka kubva kuJorodhani, vakakwidza kuKadheshi-Bhanea. Uye vose vakati, “Oo, kana tikatanga, zvinozoputsa sangano redu kuita zvidimbu. Hatitongokwanise kupinda.”

192 Mweya iwoyo haufe. “Oo, hatikwanise kuva neiZvo. Kana tikadzidzisa iZvozvo kuvanhu vedu, tichaiti? Tingatoburitsa hafu yemadhikoni potse-potse, vari muchechi, kunze. Vakaroora ka 2, ka 3. Tinozoitei? Isu, handiti, kana tikaudza madzimai edu kuti vaizofanira kuva nevhudzi refu, munoziva

zvavaizoita? Vanozobuda muchechi. Zvino tinozoita sei? Handiti, tinozongotorwa sevechinyakare.” Jesu akanga ari wechinyakarewo, zvakare. “Hatigoni kuita izvozvo. Hatigoni kuita izvozvo. Zvakatinyanyira.”

¹⁹³ Munoziva zvinoitwa nemutendi wepamuganhu. VaHebheru, chitsauko 6, inotsanangura izvozvo. “Uyo akambojekerwa, akambogoverwa Mweya Mutsvene, obva atsauka, kuti azvivandudze zvakare.” Akasvika pamuganhu iwoyo zvino ndokuramba kuyambukira mhiri, ndizvozvo, akaramba kutenda zvizere.

¹⁹⁴ Nokuti, Karebhu akaitei? Joshua akaitei? Akati, “Tinogona nekupfuurira kuitora.” Sei? Vakaramba vakamira nezvaive zvavimbiswa naMwari.

¹⁹⁵ Handiti, vakati, vamwe vacho vakati, “Zvinoka, ihofori. Vese vakavharirwa mukati memasvingo. *Vakadai*. Saka, hatitombokwanisa kuvabata, kana neimwe nzira.”

¹⁹⁶ Joshua akati, “Tinogona nekupfuurira kuzviita. Nyararai, imi vanhu! Nyararai! Garai pasi!” Amen.

¹⁹⁷ Ndinokuudzai, kutenda kuri muchinhu chikuru kwazvo, kana zvasvika paShoko raMwari. Hakutombotyzi zvino. Kutenda kune vhudzi pachipfuva, mamhasuru makuru. Kunoti, “Nyarara!” Zvimwe zvinhu zvese zvinomhanyira muchikona, ndizvozvo, kana Mwari vataura. “Mukagara maNdiri, uye Mashoko aNgu ari mamuri, taurai zvamunoda.” Hezvoka izvo. Oo, ndinozvifarira. Hum!

Madhimoni achadedera, navatadzi
vachamuka;
Kutenda muna Jehovha kunoita kuti chero
chinhu chizunguzike.

¹⁹⁸ Ungava nekutenda sei iwe uchiziva kuti hausi kushanda, kufamba muShoko raVo, iwe uchiziva zvako kuti pane zvinhu ipapo zvaunofanira kutaura asi worega kuzvitaura? Pane zvinhu ipapo zvaunofanira kudzidzisa asi worega kuzvidzidzisa. Pane zvinhu ipapo zvausingakwanise kutaura, zvino ungave nekutenda sei iwe uchiziva kuti uri kukanganisa?

¹⁹⁹ “Kana mwoyo yedu isingatipomera mhosva.” Hezvoka izvo. Hezvoka izvo. Asi gara neShoko iroro, apo pasina chero chinopomerwa. “Hakuna kupomerwa kune avo vari muna Kristu Jesu, vasingafambi munyama asi muMweya.” Mweya unotungamirira neShoko, nokuti Mweya unogona chete kubuda muShoko, nokuti Shoko raKe Mweya. Uye Unogona chete... Mweya wechokwadi chaiwo waMwari unogona kutaura Shoko raMwari chete. Oo, ini zvangu! Ini zvangu, ini zvangu!

Ibvapo, nyika. Satani, tisiye.

²⁰⁰ Usatya kuti kugomo iri, “Suduruka.” Zvitaure. Gara ipapo, uritarise richiwondomoka. Ndizvozvo.

201 Asi kana uine kupomerwa ipapo, zviri nani—zviri nani urambe wakanyarara. Uri kungowawata zvino. Hausi kutaura chokwadi. Hausi kutaura zvinhu zvaunofanira kutaura. Zvakanaka.

202 Tinoona zvino kuti Joshua, mushure mokupfuura nemumuyedzo iwoyo, akaona humbowo hwenyika yakanaka, zvino akamira ipapo paKadheshi-Bhanea ndokuvanyunyutira vose, ndokuti, “Tinokwanisa nekupfuurira kuitora. Tinogona kuitora.” Yaiva pfungwa yei? Kuyambukira mhiri.

203 Pfungwa yaMosesi yaiva yei? “Ratidza chiratidzo ichi uye wobuditsa vana kunze.” Zvino zvakaite sekunge zvakundikana. Asi akagara neShoko, uye suwo reGungwa Rakafa harina kugona kumbata. Akaenderera mberi ndokupfuura nemariri. Akatora suwo remuvengi.

204 Joshua, akatarisa vimbiso yaMwari, akati, “Tinokwanisa nekupfuurira kuitora.” Ndizvozvo. Zvino paakadzika zasi kuJorodhani, rakaita sei? Rakavhura nzira. Amen. Ndizvozvo. Akatora suwo remuvengi. Jorodhani iroro rakanga riri kumutadzisa kuyambukira mhiri nokutora vimbiso iyoyo. Asi paakasvika zasi ikoko, aive Mbeu yaAbrahama. Sei? Aitenda Shoko raMwari. Ndiyo nzira chete yaungave Mbeu yaAbrahama, kutenda Shoko raMwari. Uye zvakare chii chaakaita paakadzika zasi kwaakanga agadzirira kutora muvengi? Mwari vakazarura suwo, iye ndokuritora, akaritora, akayambukira mhiri.

205 Apo hondo yekutanga, kurwisana kwake kwekutanga kwaakava nako navo, masvingo acho akanga akakura kwazvo zvokuti vaigona kumhanya mujawe wengoro pamusoro pawo. Ari kuzopinda chirudzii kuti aatore? Vakamhanya vachibva kwaari, ndokudzokera mukati. Muvengi anozviitawo, zvakare. “Asi uchatora suwo remuvengi.”

206 Akati, “Ishe, ndinofanira kuita sei?” Akafamba-famba, mamwe masikati, achifungisisa. Akaona Murume akamira nemunondo waKe wakavhomorwa. Joshua akavhomora munondo wake, akati, “Uri kurutivi rwedu here? Uri muvengi wedu here?”

Akati, “Ndini Mukuru wehondo iyi.”

“Ndinofanira kuita sei?”

207 “Fora uchiritenderera, ka 13. Ridza hwamanda. Uchatora suwo remuvengi.”

208 Rakawira pasi. Hongu, changamire. Sei? Aive Mbeu yaAbrahama, yakachengeta Shoko raMwari. Akatora suwo rega-rega rakauya kwaari. Zvirokwazvo.

Nguva dzapera. Ndinofanira kuchimira.

209 Tarisai, magamba anokosha ose aya, ndine peji rakazara nezvawo rakanyorwa pasi apa. Asi magamba ose aya anokosha, zvinhu zvavakaita, pakupedzisira vakazofa.

210 Asi kwakachibva kwauya Mbeu yechokwadi yekutenda, Mbeu yeHumambo yaAbrahama, Jesu, vimbiso. Abrahama akava naIsaka, chokwadi, ari wepanyama, asi Mbeu chaiyo yakanga isiri muhurongwa ihwohwo hwemasangano. Maiva muvimbiso iyoyo yeShoko raMwari, iyo Vaizomuita nayo baba vemarudzi, kwete kubudikidza naIsaka, asi kubudikidza nemuMbeu yeHumambo, Jesu. Ndiyo yakanga iri Mbeu yeHumambo, iyo, chaiyoiyo, Mbeu yaAbrahama, Jesu, akanga asiri muJudha, uye Akanga asiri Murudzi. Akanga ari Mwari. Maona? Izvo. . .

211 Imi maKatorike pano, ropafadzwai mwoyo yenyu. Asi kana muchinamata Maria samwarikadzi, chii chinokunetsai, chaizvo? Maria akanga asiri chinhu kunze kwekuva mudzimai. Mwari vakamusarudza. Akanga ari chirindiro. Ndizvo zvoga. Chirindiro, ndizvo zviru mudzimai, asi anobatanidzwa nembeu yomurume.

212 Asi, iungano yakavhengana, asi ndinofanira kutaura izvi kuti munzwisise zvandiri kutaura nezvazvo. Zvino, iwe unoteerera chiremba wako—wako, uye ini ndiri hama yako. Chokwadi, unogona.

213 Maria akanga asina mbeu muna Kristu. Pakanga pasina manzwiwo ekusangana pabonde apo Mweya Mutsvene wakamufukidzira, kana nepadiki zvapo. Asi Mwari Samasimba, Musiki, vakasika chizenga cheRopa nembeu. Hum! Dai yaive mbeu yakabva kuna Maria, zvoreva kuti vakafa havamuki.

Kubwinya! Izvozvo zvangobva kuuya zviru zvitsva. Ndangobva kuzvibata.

214 Zvino kana ukati hapana mutsauko, zvatinoita, saka sei Mwari vakatiudza kuti tisaite zvinhu zvakaipa? Sei Mwari vakamutsa mutumbi waJesu, kana zvisina kudaro? Saka, munoono, hapaikwanisa kuva nemudzimai akabatanidzwa mazviri. Dai aivepo, saka mutumbi waKe waizove wakabva kuna amai vaKe, Maria, nekuti akange aita chiitiko chekusangana pabonde nekufukidzirwa nemweya zvakaaita kuti—kuti aburitse mbeu, uye handizvo. Mweya Mutsvene, nekubata pamuviri pasina kusangana pabonde, hareruya, ipapo Wakasika zvose mbeu yemurume nemudzimai.

215 Ko Jesu akamudana here kuti “amai”? Zvitsvagei muMagwaro. Akamudana “mudzimai.” Hareruya! Mudzimai! (Zvitsva izvozvo. Ndicho chikonzero zviru kuzviita nenzira yazviri kuita.) “Mudzimai, tarira mwanakomana wako.” Mamaira miriyoni kuva pedyo naye kupfuura zvaAiva.

216 Akanga ari Mwari. Akanga asiri muJudha kana Murudzi. Akanga ari Mwari, zvose panyama nomutumbi, Mwari vachigara maAri. Mwari vachigara mumbeu yemudzimai? Hazvaiita. Mbeu iyoyo yemudzimai yaitofanira kuva nechekuita nenyama yedu. Asi raiva Ropa pamwe chete nembeu, izvo Mwari vakafukidzira.

217 Vaigona kuzviisa pachigutsa kana Vaida zvavo. Hongu, changamire. Vaigona kuzviisa chero pai zvapo paVaida.

218 Asi Vakazviunza nokuti mudzimai ari mukuwa. Pakazouya Mwanakomana waMwari mupenyu asina chipomerwa, akasikwa, akaberekwa nemhandara, zvose mutumbi nemweya.

219 Sei Dhavhidhi akati, “Handizooni Mutsvene waNgu... kurega iYe Mutsvene waNgu achiona kuora, iYe Mutsvene waNgu achiona kuora. Kana kuzosiya mweya waKe mugehena?” Dhavhidhi akataura kudaro. Maona? Zvose munhu wemukati, mutumbi, nemweya, zvakasikwa naMwari, naiVo.

220 Mudzimai aive asiri amai, aive mudzimai. Ndinotenda kuti aiva mudzimai akanaka, mutsvene, zvamazvirokwazvo. Akanga asati ambova chirindiro, Mwari havaizombosarudza chirindiro chine tsvina. Ishe vachitendera, ndiri kuparidza pamusoro pazvo nhasi manheru. Asi—asi akati, “Chirindiro chekare chakasviba kuti chiunze waVo—kuti machiri chiunze Mwanakomana waVo panyika? Vakasarudza mhandara, isingazivi murume.” Uyewo haana mbeu ipi zvayo yakabuda, kana chero chimwewo chinhu, Mweya Mutsvene pawakamufukidzira, nokuti, Mwari, nenzira yaVo yakachena, inogara nokusingaperi, vakasika maari, munhu wemukati, mutumbi, neMweya waJesu Kristu. Ndizvozvo. Akanga ari Mwanakomana waMwari akaberekwa nemhandara.

221 Izvozvo zvakaitei? Zvakapaza suwo remuvengi. Hareruya! Fiyuu! Izvi zviri kuita zvakanaka, kwandiri. Tarisai. Sei? Akapaza suwo remuvengi ipapo chaipo, kuti munhu wose anozvarwa munyika ino nechishuwo chekusangana pabonde, aisakwanisa kuenda Kudenga nekuti kusangana pabonde ndiko kwakazvitangisa pamavambo, mubindu reEdheni, chiri chikonzero sei vakazvifukidza. PaAkaita izvozvo, Akapamura chinhu ichocho napakati ipapo chaipo, ndokutora suwo remuvengi. Nechii? Ndokutora Mbeu yeHumambo yaAbrahama, panguva yekutanga chaiyo, ndokuripwanya kusvika pasi. Mbeu yeHumambo yekutenda nevimbiso, kwete kubata pamuviri kwaMaria, asi kwaMwari, kwakapaza masuwo. Ndiko kuti, zvinotendera kuti munhu apfuure nepasuwo. Mwari ngavarumbidzwe!

222 Chii chaAkaita? Akabva atora masuwo ose emuvengi. Akatora suwo rehurwere. Hurwere hwaisagona kuvapo muHupo hwaKe. Kwete, changamire. Kunyangwe kana chero chii zvacho hachagona kuvapo muHupo hwaKe. Mudungwe wevaienda kunoviga chitunha waisagona kumira muHupo hwaKe. Kwete. Chii chaAkaita?

223 Joshua akafa. Mosesi akafa. Vamwe vose vakafa, asi kwete Mbeu yeHumambo iyi. Rufu rwakatadza kumira paive neHupenyu.

224 Mudzimai uya wekuNaini, achibuda nemwanakomana wake. Akamira ndokuti, “Muka, mwanakomana.”

225 Musikana uya akanga afa, mwanasikana waJairosi, Akataura shoko kumashure uko munyika isingazivikanwi kunze uko, ndokuti, “Mwanasikana, muka.”

226 Razaro, akafa mazuva 4 uye mutumbi wake waora, uye mweya wake wakange wabuda mauri, kwemazuva 4. Akati, “Razaro, buda.” Kubwinya!

227 Hoyo Uyo. Chii chaAkaita? Akapamura zvisimbiso zvezvinhu zvose. Hareruya!

228 PaAkazosvika pakufa zvino, haAna kukwanisa kubata hupenyu ihwohwo. Angadai asina kumbofa, asi Akatozopa hupenyu ihwohwo. Uye paAkapira hupenyu ihwohwo, Akafa rufu. Zvino mweya waKe unokosha, sezvakataura Bhaibheri, wakadzika mugehena, kuti utore nzvimbo yangu nenzvimbo yako. Mbeu yeHumambo yaAbrahama! Chii? Aive Mbeu yeHumambo. Oo, kubwinya!

229 Zvino tiri Mbeu yeHumambo, iyo, inogara neShoko, chaizvoizvo sezvaAingova. “Nokuti pakutanga Shoko rakanga riripo, uye Shoko rakanga riri kuna Mwari; zvino Shoko, rakaitwa nyama, ndokugara pakati pedu.” Hamuoni here pakarara Mbeu yeHumambo? Mbeu yeHumambo ndiyo iya inogara neShoko.

230 Imi ndonda dzinoda kuwirirana nadhiyabhore, nemafashoni ake enyika. (Handisi kutaura nemi pano.) Kunze uko, imi vaparidzi vanoziva kuti munoparidza kuti mazuva ezvishamiso akapfuura, munoparidza kuti hakuna chinhu chakadaro serubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, munonyadzisa, uye mozvidaidza kuti Mbeu yaAbrahama.

231 Mbeu yeHumambo inogara neShoko. Mbeu yeHumambo, isina kuzvarwa nemunhu, hapana chekuita nemurume kana mukadzi. Mudzimai ikereke; hapana chokuita nechechi. Maria akanga asina chokuita neMbeu. Kana chechi, inongonziwo sangano, haina chekuita neMbeu. Inoberekwa nei? Kwete nesangano, kwete Methodist, Baptist, Presbyterian, Katorike, Lutherani, mamwe akadaro.

232 Asi, yakaberekwa neMbeu yeHumambo yevimbiso yaMwari, ndiyo inotora suwo remuvengi. Rakatotorerwa iye kare. “Nokuti kana mukagara maNdiri, neShoko raNgu riri mamuri, kumbirai chamunoda, muchachiitirwa.” Hezvoka izvo. Ivimbiso. Zvakatoitwa kare.

233 Mweya waKe unokosha wakadzika mugehena, uko kwandaifanira kuenda. Asi nezuva rechi 3 . . . Samsoni achitora suwo reguta kumusana kwake, aive asina chekuita nazvo. Akatora masuwo egehena, masuwo eguva, nezvimwe zvose. Haana kuritakura kumusoro pagomo, asi Akariparadza. Hareruya! Akatora suwo remuvengi.

²³⁴ Nharaunda dzemuchadenga dzaive dzakazadzwa nesimba radhiyabhore, kumusoro, zvokutoti Ngirozi kana chii zvacho zvaisagona kuburuka. Kwaisakwanisika kuva nekureverera, nekuti ropa rembudzi raisabvisa chivi. Asi Ropa raKe pachaKe rakabvisa chivi.

²³⁵ Uye Akakwira Kumusoro, akatungamira hutapwa hwakatapwa. Akapa zvipo kvanhu. Zvino, mumwe nomumwe weMbeu yaAbrahama anoda kubhadhara mubhadharo, wekuti aburuke atendeuke pazvivi zvavo, wobhabhatidzwa muZita raJesu Kristu kuti uregererwe zvivi zvako, uzadzweze noMweya Mutsvene, uye womira pamuyedzo.

²³⁶ Uye kana vaburitsa nyika mauri, zvinhu zvaenda, zvese zvakatsveyama, zvese zvinoita sezvakaipa, semadzimai nevhudzi ravo, varume nekuenderera kwavo, nemachechi nemasangano awo, uye—uye mufundisi anoita zvido zvemadhikoni ake, ne—nemhando dzose idzodzo dzezvinhu. Rimwe boka remunyika rezvimwewo zvinhu rinopindamo rokonzeresa kuti mufundisi anonzwise urombo, romudzinga muchechi.

²³⁷ Endererai mberi zvenyu, mufundisi. Mwari vakuropafadzei. Nyatsogarai neShoko. Musatora chimwe chinhu.

²³⁸ Akakwira Kumusoro. Chii chaAkaita? Akacheka buri, suwo, kuitira, munamato weyi Mbeu yaAbrahama. Sei? Sei? Kana tiri Mutumbi waKristu, kana takafa, tinozviona takafa uye takavigwa muna Kristu, uye takamutswa pamwe naYe murumuko. Ndiye Musoro weMutumbi. Pane Musoro, Mutumbi uri pamwe naWo ipapo. Uye vakare, mangwanani ano, apo munhu wese akaita izvozvo, “agere naYe munzvimbo dzekumatenga,” neMbeu yeHumambo. Mwari ngavarumbidzwe.

²³⁹ Hapana masuwo. Haugone kunamata kusvika *apa*, woti, “Oo, oo, *pane* shoko.” Hu-uh. Vanokuvharira, ipapo chaipo.

²⁴⁰ Asi kana moyo wedu usingatipomeri; kana tichiziva kuti tiri kufamba mumirairo yaMwari; tinoona hupenyu hwedu hwakachena; tinozviona; Shoko rose rakarairwa naMwari, tinoRichengeta; ipapo masuwo emuvengi wese anotorwa. “Zvadaro kumbira chaunoda, uchachiitirwa.” “Achatora suwo romuvengi wake.” Oo, hama, ichava chechi yakadiniko!

²⁴¹ Pandinodzoka vakare kuPhoenix, kana Ishe vanditendera, ndinovimba, pandichapinda mutabhenakeri ino, zvekuti zvigaro izvi zvichange vakazadzwa, uye chigaro choga-choga mune vanofamba neVhangeri rakazara muguta rino chichange chizere nevatsvene vaMwari mupenyu: vanotaridzika seMukristu; vanotaura seMukristu; vanoita seMakristu; vaine Mweya waMwari uchifamba pakati pavo, apo, kana mumwe akaita chivi, Mweya Mutsvene unochidaidzira pakare ipapo.

²⁴² Unozviita. Makazviona mumutsara wekunamatirwa, sepamusoro pano paartari. Apo, unoti, “Iwe dzokera

unogadzirisa izvi nemurume wako. Enda, unoudza mudzimai wako kuti wanga wabuda, manheru amarimwezuro, uine mukadzi uya, mugere pane imwe nzvimbo *yakati-yakati*.” Kana Ukazviita pano, nokufamba muShoko, wakateerera Inzwi diki riya rakanyorovera, Uchazviita mauri. Uri Mbeu yaAbrahama. Zvino, hapana chivi.

²⁴³ Muparidzi, haungade here kuona izvozvo muchechi yako? Wofamba muchechi ino, uye wotarisa zasi *nemuno*, woona vose varume nemadzimai, vane humwari, vane hutsvene, vagere ipapo vakazadzwa nesimba raMwari. Chivi hachimbokwanise kupinda. Mumwe murume anopinda ogara pasi, Mweya unosimuka woti, “John Jones, unobva *kwakati-kwakati*, rimwe guta, imwe nzvimbo *yakati-yakati*. Ari pano kuti awane kupodzwa kwemuviri wake. Maona? Akaita chimwe chinhu *chakati* pane imwe nzvimbo *yakati*. Akaita *izvi*, uye akatora, anofanira kudzorera *izvi*, ogadzirisa *izvi*, ipapo Mwari vanobva vamupodza kenza iyoyo. ZVANZI NAJEHOVHA.” Ini zvangu, ini zvangu!

²⁴⁴ Ndipei chechi, ndipei varume 10, vakaza-... , matombo chaiwo anokosha aMwari, Mbeu yeHumambo, isai varume ivava pamwe chete, uye motarisa zvichaitika. Ndipei imba duku ino izere nevanhu saizvozvo, zvino ndichakuratidzai Chiedza icho nyika ichamhanyira kwachiri. Ndizvozvo. Ndizvo zvinodiwa naMwari kuti tive. “Uri guta rigere pamusoro pechikomo.” Uri Mbeu yeHumambo yaAbrahama. “Ichatora suwo remuvengi wayo.”

²⁴⁵ Hurwere, pane chikonzero chehurwere. Pane chikonzero chezvinhu izvi. Uye Mwari, Mweya Mutsvene, uri pano kuzozarura chinhu ichocho nekukuudza kuti sei usiri kukuwana. Dambudziko redu nderipi? Hatifanire kunge tiri vasingazive, “Uchazviita here?” Uri kutozviita. Unoita sei?

²⁴⁶ Tarisai muporofita iyeye. Haana kuteerera kumhepo yaivhuvhuta, “Mwari ngavarumbidzwe! Hareruya!”

²⁴⁷ Zvakanaka izvi. Zvino, rangarirai, handisi kupomera izvozvo. Ndinovimba kuti munhu wese anozvinzwisisa. Mumwe munhu akati, “Hama Branham havatendi mukuti, ‘Mwari ngavarumbidzwe! Hareruya!’” Zvino, nditarise kumusoro kuno zvino. Ndinotenda mukudanidzira, kutaura nendimi, kutamba muMweya.

²⁴⁸ Asi, hama, paunotadza kunzwa Inzwi diki riya rakanyorovera reShoko, ndicho chinhu chinokubata. Ndicho chinhu chacho.

²⁴⁹ Eria aiziva kuti rumutsiro rwose urwu rwaitika kunze. Asi aive... Harwuna kumbomukwezvera kunze kwarwuri. Asi paakanzwa Inzwi diki riya rakanyorovera raMwari, akabva akwezvwa. Zvino akafukidza chiso chake, ndokubuda. Sei? Eria aive Mbeu yaAbrahama, yaitevera Shoko.

²⁵⁰ “Kana mukagara maNdiri neMashoko aNgu ari mamuri, zvino kumbirai zvamunoda, muchazviitirwa.”

Ngatikotamisei misoro yedu kwechinguvana kuti tinamate.

²⁵¹ Oo, chechi, zvokuti, kana ndapedza kuparidza saizvozvo, manzwiwo andinoita! Mweya unobva pandiri, zvino ndotarira shure, ndinoona vanhu vangatodzika chaizvo muhomwe mavo uye votorera vana vavo chikafu, kuti vachipe kwandiri. Ndinoona madzimai madiki muno, zvichida vane vhudzi pfupi, vanozoita sei? Vanozondiitira chero chipi chiri munyika chavanogona. Murume achigara nemudzimai akadaro, uye ini ndichingocheka kuita zvidimbu neShoko iroro, ndichirwadzisa, hana yake yoderedzwa pasi, asi zvakadaro murume iyeye anozobuda hake muno onobinduka, uye onditumira zvegumi zvake. Ndizvozvo. Zvino zvinondiita kuti ndinzwe kunyara, ndadzokera munyama zvino, unonzwa, “Ko chii—ko chii chandataura?” Handireveri kurwadzisa, handizvo izvozvo.

²⁵² Asi, oo, hama, nehanzvadzi yangu duku inodikanwa uye nehama, kana riri Shoko raMwari, uye uyu uri Mweya waVo uri kuita kuti Shoko iroro rive benyu, kwauri, zvichazovei paZuva reKutongwa? Ndiri kuedza kukugadzirirai zuva iroro. Ndapota, ndapota ingotorai Shoko raVo. Kana ndikazomboparidza chero chii zvacho chisiri Shoko, vimbiso yaMwari, ipapo une kodzero yekuuya kwandiri. Asi iroro iShoko. Uye imhaka yekuti ndinokudai.

²⁵³ Hazvisi nekuti ini—ini handisi kukuda muigwa. Imhaka yekuti igwa racho harizokutakure uchinovika. Uchaparara, rimwe remazuva ano.

²⁵⁴ Unofanira kuuya paKutongwa. “Ane mhosva pachidukusa ane mhosva pane zvose.” Uye kana uchiziva kuti chero chinhu zvacho chakanaka kuti uchiite, iShoko raMwari uye iri vimbiso yekuchiita, wobva warega kuchiita, zvino unoti kudii nezvazvo? Uchakumbirwa kuti upe chikonzero, zvozodini? Kana Mharidzo ino mangwanani ano yatarisana newe paskirini, neZuva reKutongwa, ko unozoti kudii? Fungai nezvazvo, shamwari. Unogona kufa zuva risati rapera. Tose zvedu tinogona kudaro. Uye chinhu chimwe chechokwadi, uchafa.

²⁵⁵ Ndakamira rimwe zuva ndakatarisa amai vangu, ini ndakavabata paruoko rwangu. Ndakabata baba vangu kumashure zvishoma izvo zvisati zvaitika, ndokuvatarisa vachienda.

²⁵⁶ Ndakavaona vachisvika zasi kumagumo enzira, avo vaifunga kuti vakanga vakagwinya chaizvo. Voti, “Oo, Hama Branham, oo, dai ndaingokwanisa kurarama kwenguva yakati rebei zvishoma!” Wakatononoka ipapo. Uye rangarirai, rufu harwushandure munhu wemukati, rwunongoshandura nzvimbo yaanogara. Uye kana ukaona kuti chimwe chinhu mauri, chiva wakadzikama zvino, kana ukaona kuti chimwe chinhu

mauri chiri kukuita kuti uzvibate nenzira iyoyo uye nekunzwa saizvozvo, sezvausingafaniri kunzwa, tendeuka mangwanani ano. Ungadaro here, shamwari? Huya. Iva . . .Haufanire kunge wakadaro. Uri munhu akasuwa. Rarama hupenyu hweMbeu yechokwadi yeHumambo. Mwari vari kukuda nhasi.

²⁵⁷ Ungasimudza ruoko rwako here, apo musoro wako wakakotamiswa, uye nemoyo. Uti, “Hama Branham, ndinosimudza ruoko rwangu kuna Mwari. Zvechokwadi, kubva mumoyo mangu, ndizvo zvandinoda kuva. Ndizvo chaizvo zvandinoda kuva. Ndaka—ndakavhiringika kunze kuno nezvimwe zvese, asi chaizvoizvo ini—ini handidi kuva ndakadaro. Ndinoda kuva zvamanga muri kutaura nezvazvo mangwanani ano. Ndinamatireiwo, Hama Branham. Ndiri kusimudza maoko angu kuna Mwari, kwete kwamuri, Hama Branham, asi kuna Mwari. Uye mumoyo mangu, Vanoziva moyo wangu, ndinoshuva kuva mhando yeMukristu wamuri kutaura nezvake, Mbeu yeHumambo yaAbrahama, kubudikidza naJesu Kristu.” Simudza ruoko rwako zvino uti, “Ndicha . . . Ndinamatireiwo, Hama Branham.” Mwari vakuropafadzei. Mwari vakuropafadzei. Zvirokwazvo Vachazviitira iwe.

²⁵⁸ Baba vedu voKudenga, muChiedza cheShoko reNyu, musimba rerumuko rweNyu! Uye ndinocherechedza, Ishe, kuti vanhu vanonzwisa urombo nguva zhinji vakavhiringidzika kunze uko, kubudikidza nezvakasiya . . .Vanhu havatozivi zvokuita; mumwe achiuya, achitaura chinhu chimwe; uye mumwe achiuya, achitaura chimwewo.

²⁵⁹ Zvino muno muPhoenix, guta guru iri re—re, toti, vashanyi, apo zvinhu zvose zvinobva munyika yose zvinokukurirwa mariri, zvose panyama nepamweya. Ndakamira pagomo, rimwe zuva, uye ndichifunga kuti kangani kari kushandiswa Zita raMwari pasina muzuva rimwe zasi kuno, hupombwe hungani hunoitwa, zvivi zvakawanda sei netsvina mumigwagwa muno, nemabhawa nezvigonamubhawa, nezvose, vazhinji vavo vachizviti vatendi, Makristu!

²⁶⁰ Madzimai vachidzika nemugwagwa, vakabata mudzanga muruoko rwavo. Vachifamba vakapfeka hembe dzehunzenza, apo iMi makati zvinonhuwa pamberi peNyu, “Chinyangadzo,” sechimbuzi chakare, chine tsvina, chakasviba, chinonhuwa pane imwe nzvimbo. O Mwari, ko mudzimai anozviti ane Mweya Mutsvene angaita sei chinhu chakadaro, uye achiziva kuti mumhino dzeMuponesi, zvinonhuwa kudaro, gutukutu? Ko Vangave nechinhu chakaita seichocho sei muHumambo hwaVo? Baba, dai vaingoziva, kuti vari mamaira miriyoni kubva kwaHuri.

²⁶¹ Ndinonamata, Mwari, ivaiwo netsitsi. Hapana anoda kuenda kunzvimbo idzodzo dzevakarasika. Hapana anoda kuenda zasi ikoko, Baba. Ngazvisaitike kuti chero ani wedu aende. Asi

zvakadaro zasi imomo mune moyo wakanaka uri mumunhu iyeye, murume iyeye, mudzimai iyeye, murume kana mudzimai ane rudo uye akanaka uye ane mutsa, uye akangonyengerwawo zvake nadhiyabhore. Dhiyabhore akazviita izvozvo.

²⁶² Satani, ndinopikisana newe, nekuti uri mhandu yaIshe wangu. Uri mhandu yeShoko raVo. Uye ndinokurayira, naJesu Kristu, Mwanakomana waMwari, semunhu anofa, ndichiziva kuti handina simba mandiri. Handina simba rekukumisa. Handina simba rekuita kuti chero wemadzimai aya azvishambidze, chero wevarume ava, vari kuteerera tepi ino, kana—kana chero kupi zvako. Handina nzira yokuvaita kuti vazvishambidze. Handina simba racho. Asi ndine mvumo yeShoko raMwari, semuranda, kuRiparidza, uye ndine mungava kumvumo iyoyo. Kunyangwe mupurisa uyu kunze uko haana simba rekumisa motokari, asi ane mvumo yekuzviita.

²⁶³ Zvino, Satani, chitotangisa zvako kuridza mabhureki ako, nokuti ndinokurayira, naJesu Kristu, kuti usunungure vanhu ava, pasi rose, chero kupi zvako kungaenda Mharidzo iyi. Vasunungure. Ndinovatora, kuti vakatengwa. Havasi vavo ivo pachavo. Vakatangwa nemubhadharo, ndivo Mbeu yeHumambo yaAbrahama, Ishe Jesu.

²⁶⁴ Iwe munyengeri ane tsvina, akasviba, anonhuwa, munyengeri wevanhu, uchivatungamirira vakapofomara kupinda mumakomba egehena, vasunungure. Ndinokuraira, naMwari mupenyu, neChibairo cheMwanakomana waVo, Jesu, kuti uvasunungure, kuti mweya yavo igozadzwa nemaropafadzo aKe uye neHupo hwaKe, kuti vagone kutora suwo remuvengi wose. [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] Wakavaita kuti vamirire *izvi*, *izvo*, kana *zvimwewo*, kana kumwe kubatwa kutsvene, kana chimwewo chinhu, asi ndiri kuti uri kuzovaregedza.

²⁶⁵ Hurwere hungagona sei kumira muchizoro chakadai? Apo bedzi pavanoramba kutarisa mberi uko kune vimbiso sezvakaita baba Abrahama, pavaikwanisa kuMuona ari muchimiro mazana emakore ari mberi, achiuya.

²⁶⁶ Vasunungure. MuZita raJesu Kristu, rega vanhu ivavo vaende.

²⁶⁷ Dai simba raMwari, kunzwisisa kweShoko, pavanenge vachisukwa naRo mangwanani ano, dai kunzwisisa kwekuchengeta Shoko raMwari nevimbiso dzaVo zviri zvechokwadi, kubata kusingagoni kutyorwa naSatani. Dai mumwe nemumwe abata vimbiso iyoyo, achiti, “Izvi ndiRo. Ndakabatirira paRiri. Mwari vakaita vimbiso. Ndiri mbeu yaAbrahama. Ko ndingapokana sei vimbiso yaVo?” Zvino wopfuurira mberi, kubudikidza naJesu Kristu, Ishe wedu. Ameni.

268 Range richicheka mangwanani ano, shamwari.
Ngatinamatei zvino zvinotapira.

Nokuti ndiYe akatanga kundida
Ndokutenga ruponeso rwangu
Pamuti weKarivhari.

269 Zvingagoneka here, kwete mukumhura, zvirokwazvo
kwete. . . Izvi ndezve—ndezvekunamata. Ngatisimudzei maoko
edu kuna Iye watinoda. Uye toti:

NdinoMuda, ndinoMuda
Nokuti ndiYe akatanga kundida
Ndokutenga ruponeso rwangu
Pamuti weKarivhari.

270 Zvino, kumudzimai wese kana musikana ari muno, urwu
ndirwo ruoko rwangu. Mwari vanokudai. Kumurume wese
kana mukomana ari muno, Mwari vanokudai. Ndinokudai.
Zvino, handikwanisi kutambanudza ruoko kuti ndibate rumwe
nerumwe rwemaoko enyu, asi Mwari vakuratidzei zvandinoreva.
Apo tichirwuimba zvakare, chingotendeuka wokwazisana
maoko nemumwe munhu. “Izvi vanhu vose vachaziva kuti muri
vadzidzi vaNgu, kana muine rudo, mumwe kune mumwe.”

Ini . . .


. . . kutenga ruponeso rwangu
Pamuti weKarivhari.

NdinoMuda, ndinoMuda
Nokuti ndiYe akatanga kundida
Ndokutenga ruponeso rwangu
Pamuti weKarivhari.

271 HauMude here? Manzwiwo iwayo anotapira eMweya
Mutsvene! Shoko maitiro anochenesa, rinongonyatsokukwasha,
rokuita chisikwa chitsva, robvisa zvose. Shoko rinopinza
kukunda munondo unocheka nokumativi 2, richidzingisa,
richicheka richibvisa zvinhu zvose zvenyika. Maona? Zvino
tinobva tanzwa kuchena, takweshwa, tichigamuchira uye
tichitenda maAri. Ndiko kuimba kwatingaita:

NdinoMuda, ndinoMuda
Nokuti ndiYe akatanga kundida
Ndokutenga ruponeso rwangu
PaKarivhari.

272 Hazvina kunaka here izvi? Ndinongozvida nemoyo wangu
wese. Maona? Ngatirwuedzei zvakare, munhu wese zvino,
chaizvo, nenzwi rako rose zvino.

NdinoMuda, ndinoMuda
Nokuti ndiYe akatanga kundida
Ndokutenga ruponeso rwangu
Pane weKarivhari. . . 

62-0121M Uye Mbeu Yako Ichatora Suwo Remuvengi Wayo
Faith Tabhenakeri
Phoenix, Arizona U.S.A.

SHONA

©2024 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuperadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org